ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№144 (24.738) • 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## IэщIагъэм - гулъытэ

**Урысей Федерацэм и Къэрал Советым «Сириус» федеральнэ егъэджэныгъэ центрым щригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. «Зэхыхьэм щылэжьащ «IэщIагъэлIхэр», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Технологием щыпашэхэр» IуэхухэмкIэ гуэшауэ. А махуэхэм центрым щекIуэкIащ ЩIэныгъэлI ныбжьыщэхэм я IV конгрессри.**



ДЭ дытепсэлъыхьащ экономикэм епха IэнатIэхэр лэжьакIуэкIэ къызэгъэпэщыным, IэщIагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапIэхэр егъэфIэкIуэным, абыхэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр зэдгъэцIыхуащ.

Зи гугъу сщIым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, федеральнэ къалэнхэр дгъэхьэзырыным нэмыщI, щIыналъэм иIэ Iэмалхэр идогъэфIакIуэ. Къапщтэмэ, ди республикэм егъэджакIуэхэм ахъшэ щхьэхуэ улахуэм яхудыщIегъу, ар физикэмкIэ, химиемкIэ, информатикэмкIэ къуажэхэм щезыгъаджэхэрщ.

Мы гъэм IуэхущIэ дублащ IэмалыщIэхэмкIэ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыным теухуауэ. Абы хэтщ класс нэхъыжьхэм щIэс еджакIуэхэр. НыбжьыщIэхэм КъБР-м и щIэныгъэ центрхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ. Абыхэм еджапIэр къаухмэ, къыхаха IэщIагъэм щыпащэну еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну аращ. Шэч хэмылъуи, республикэм и еджапIэхэм щылэжьэну къагъэзэжынущ.

Инженер IэщIагъэм нэхъыбэ хуегъэджэным теухуа лэжьыгъи идогъэкIуэкI, абы папщIэ класс хэхахэр къызэдгъэпэщынущ. ИджыпстукIэ IэщIагъэхэм щыщагъэгъуазэ классу хэгъэгум 120-рэ итщ, сабий 2000-м щIигъу щоджэ, технологие класс 30-м еджакIуэ 643-рэ щIэсщ.

2023 гъэм щегъэжьауэ агропромышленнэ, гуманитарно-техническэ колледжитIыр «Профессионалитет» проектым хэтщ. Абы иджыри еджапIи 4 хэдгъэхьэну ди мурадщ. КъищынэмыщIауэ, къалэн куэд щагъэзащIэ егъэджэныгъэ центр къызэдгъэпэщыну ди гугъэщ IэщIагъэ щрагъэгъуэту. Ар сэбэп хъунущ ди щIыналъэм и экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ IуэхущIапIэхэр къызэдгъэпэщынымкIэ», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министрым теухуауэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министру гъэувын **Iэхъуэбэч Щамил Аслъэнбий и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м*
*№137-УГ*

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.**



Ди индексыр П 5894

## ЩIыналъэ ахъшэр зэрытрагуашэм теухуауэ



**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхугъуэ 13-м щыхэплъащ, республикэм и бюджетыр 2025, 2026 - 2027 гъэхэм зыхуэдэнур къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрри яхэту.**

ЗАКОНОПРОЕКТЫМ теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм и бюджетыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр 2025 - 2027 гъэхэм зыхуэдэну хуагъэфащэмрэ Урысей Федерацэм налогхэмрэ бюджетымрэ теухуа хабзэхэм къыщыгъэлъэгъуахэмрэ къэлъытауэ зэхагъэуващ. Министрым къыхигъэщащ законопроектым и етIуанэ еджэгъуэм ирихьэлIэу, къэрал ахъшэу республикэм къыIэрыхьэнур ягъэбелджылауэ зэрыщытынур. Абы къыхэкIыу, иджыпсту зэрыхуагъэфащэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2025 гъэм сом мелард 61,7-рэ хъунущ, къигъэсэбэпыну зыхуеинур - сом мелард 64,5-рэ.

- Налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ етIанэгъэ сом мелард 21-рэ хъуну худогъэфащэ, 2026 гъэм - сом мелард 21,9-рэ, 2027 гъэм - сом мелард 22,7-рэ. Зымыгъэзэж хэхъуэу республикэм иIэнухэр: 2025 гъэм - сом мелард 24,6-рэ, 2026 гъэм - сом мелард 21,8-рэ, 2027 гъэм - сом мелард 19,3-рэ, - жиIащ Лисун Еленэ. - Субсидие ахъшэу сом меларди 3,8-рэ хуэдунэтIынущ мэкъумэш IэнатIэм, хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ, къуажэхэм, псыщIэгъэлъадэм зегъэужьыным. 2025 гъэм социальнэ ахъшэр етыным сом меларди 10,2-рэ хухыдох. Школ егъэджэныгъэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ я субвенцэр къэлъытауэ, улахуэр тыным текIуэдэнущ сом мелард 22,1-рэ. Сабий ипIыну къэзыщтам мазэм зэрыдэIэпыкъу ахъшэр къэкIуэну илъэсым сом мин 20-рэ 682-рэ тщIынущ. Зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыт сабийхэмрэ къэзыщтэ унагъуэхэм мазэ къэс зэрызыщIагъакъуэр сом мин 18-рэ 405-рэ мэхъу.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и уна-фэщI **АфэщIагъуэ Михаил** жиIащ законопроек-тым щелэжьым, комитетхэм зэхъуэкIыныгъэ 46-рэ къызэрыхалъхьар. Абы щыщу 21-р къащтэну къагъэлъэгъуащ, 9-м иджыри хэплъэнущ етIуанэ еджэгъуэм ирихьэлIэу. Адрейхэм арэзы техъуакъым. АфэщIагъуэм жиIащ ахъшэм къыщIэкIым зэрыхэщIыр къэлъытауэ, зэрызыщIагъакъуэ ахъшэхэр зэрытрагуэшар.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

КъБР-м и Парламент



# Псэукlэр зыхуэдэнур зэлъыта lэнатlэ

**КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хуэIухуэщIэхэмкIэ комитетым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым зиужьын папщIэ ахъшэу халъхьэфым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, депутатхэр, министрхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, КъБР-м и Парламентым и ЩIалагъуалэ палатэм хэтхэр.

Жанатаев Сэлим къыхигъэщащ къаIэта Iуэхугъуэм и мыхьэнэр зэрыиныр.

- Зэпымыууэ къэпщытэн хуейщ промышленностым и IуэхущIапIэхэм мылъкуу къыхалъхьэр, ар къызэрагъэщхьэпэр. Ди гуапэщ иужьрей илъэсхэм хъарзынэу зызыужьа промышленность Iуэхур нэхъри ефIэкIуэнымкIэ ди чэнджэщхэр сэбэп хъумэ. Абы теухуауэ щыIэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуей хъужыкъуэми, дыхьэзырщ дытепсэлъыхьыну, дгъэбелджылыну, дыхэлэжьыхьыну, - жиIащ Жанатаевым.

КъБР-м и Парламентым промышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хуэIухуэщIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къалмыкъ Марат** жиIащ комитетым и зэIущIэр Парламентым 2024 гъэм и бжьыхьэ сессием хиубыдэу ирагъэкIуэкIынухэм зэращыщыр, ар УФ-м и Президент Путин Владимир 2024 гъэм мазаем и 29-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам зэрытещIыхьар:

- Комитетым къызэригъэпэща зэIущIэр зытеухуар промышленностым епха IуэхущIапIэхэм ящыщу нэхъыфIу лажьэхэм, нэгъуэщIхэм хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфхэм къэралыр зэрадэIэпыкъум хэдгъэхъуэнырщ, абыхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр ди зэманым нэхъыфIу щыIэхэмкIэ зэтхъуэкIынырщ. Къапщтэмэ, республикэм и промышленностым зиужьын папщIэ щIапхъэхэр дгъэбелджылынырщ псори зытеухуэжар, - жиIащ Къалмыкъым.

КъаIэта Iуэхугъуэм зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэбэч Щамил**.

Республикэм и промышленностыр щIыналъэм и мылъкум нэхъыбэ къыхэзылъхьэм ящыщщ. Абы къызэщIеубыдэ IуэхущIапIэ 584-рэ, лэжьакIуэ мини 10-м ар IэнатIэ яхуохъу. Абыхэм ящыщу цIыху мин 1,7-р зыхъумэжыныгъэмкIэ промышленнэ IуэхущIапIэхэм щыIэщ. ЩIыналъэм щынэхъ ин дыдэ промышленнэ IуэхущIапIэу тхум илъэсым къриубыдэу къыщIагъэкI сом зы мелардым щIигъу зи уасэ хьэпшып.

Промышленностым 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу къыщIигъэкIар проценти 117,6-рэ мэхъу, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ - проценти 130,6-рэ. КъыщIагъэкIа хьэпшыпхэм ящыщу сом мелард 15,5-рэ и уасэ нэгъуэщI щIыпIэхэм ирагъэшащ.

- Дэ къэтпщытащ налогыу ттари: 2022 гъэм еплъытмэ, 2023 -м ар хэхъуащ хуэди 2,5-кIэ. КъБР-м и Iэтащхьэм экономикэм зегъэужьыным теухуауэ игъэува къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, илъэс къэс промышленностым псори зэхэту къыщIигъэкIым хэдгъэхъуэн хуейщ процент 15 - 17 хуэдиз, - къыхигъэщащ министрым.

Министрыр тепсэлъыхьащ промышленностыр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм, республикэр а Iуэхум теухуауэ зыхэт къэрал программэхэм.

- Проектхэр гъэзэщIа хъун щхьэкIэ зэуIуу удэIэпыкъун хуейщ абы зи мылъку хэзылъхьэм: щIы Iыхьэ хухэхыныр, IуэхущIапIэхэр ухуэныр, Iэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ зэгъэпэщыныр, къыщIагъэкI хьэпшыпхэр щэныр. Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэм абыхэм ящыщ зыкъом гъэзэщIа зэрыщыхъуар, - жиIащ къэпсэлъам.

Мы зэманым КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм иригъэжьащ сом мелуан 31-рэ зыхилъхьа зэпеуэ. Ар ипшыныжын хуэмейуэ иратынущ зи Iэмэпсымэхэр щIэкIэ зэзыхъуэкI IуэхущIапIэхэм (иратынур абы щIатам и процент 50-м фIэмыкIщ). зэпеуэм щытекIуэм къылъысынущ сом мелуан 20.

Iэхъуэбэчым къыхигъэщащ дяпэкIэ промышленно-индустрие паркхэр зэгъэпэщын зэрыхуейри. Хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ елэжьхэм я дежкIэ ар IэмалыфIщ.

Мылъку къегъэщIыным емыпха «КъБР-м и шэсыпIэ фонд» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Тхьэбысым Аскер** тепсэлъыхьащ Iуэхум теухуауэ ялэжьхэм. ШэсыпIэ фондым и мылъкум илъэс къэс къыхохъуэ. 2024 гъэм ар ирикъуащ сом мелуани 170-рэ. ЩIыналъэ промышленностым зыщIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ фондым нэхъыбэу хэлъыр федеральнэ мылъкущ. УФ-м промышленностым зыщегъэужьынымкIэ фондым игъэбелджыла «Проекты развития», «Комплектующие изделия», «Производительность труда», «Проекты лесной промышленности» программэхэм тету, фондым илъэситху пIалъэкIэ хуэгъэкIуатэ щыIэу щIыхуэу ет сом мелуани 10-м щегъэжьауэ мелуан 200-м нэс. Абы илъэсым хуэзэу щхьэщатыкI проценти 5 - 7. Апхуэдэуи, езым и программэ щхьэхуэкIэ щIыхуэу етыф сом мелуани 5-м щегъэжьауэ мелуан 60-м нэблагъэ. Абы щыгъуэм щIыхуэм щхьэщатыкIыр процент 1 - 3-щ зэрыхъур.

2021 гъэм КъБР-м и ШэсыпIэ фондым «Проекты развития» программэмкIэ мылъку хилъхьащ проектитIым: «ВоенТекстильПром» IуэхущIапIэм игъэхьэзыра проектым - сом мелуан 18. «Нэжан» IуэхущIапIэм ейм – сом мелуан 12. Япэрейм мазэ 60-м къриубыдэу, етIуанэм мазэ 36-м и кIуэцIкIэ илъэсым хуэзэу япшынащ проценти 3. Мылъкур трагъэкIуэдащ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къащэхуным.

2022 гъэм кредиту къащтам щыщ Iыхьэ хуапшынын мурадкIэ ятащ сом мелуани 8,7-рэ: «Севкаврентген-Д» IуэхущIапIэм сом мелуани 4,2-рэ, «Кровля Сервис»-м – сом мелуани 3,5-рэ, «ВоенТекстильПром»-м – сом 1 мелуан.

2023 гъэм сом мелуани 140-рэ халъхьащ инвестицэмкIэ проектищым. ГъущIым зэрелэжь техникэ къызэращэхун щIыхуэ иратащ «Кровля Сервис», «РАДОЗ» IуэхущIапIэхэм. «ВоенТекстильПром» IуэхущIапIэм зэрыдэ машинэхэр зэригъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуащ.

Мы зэманым КъБР-м и ШэсыпIэ фондым проект щхьэхуэхэм хилъхьа мылъкур сом мелуани 180-рэ мэхъу. Абы хабжакъым иджыри экспертизэхэм щыIэ проектитI.

Промышленностым зегъэужьыным тепсэлъыхьащ «Севкаврентген-Д» IуэхущIапIэм и унафэщI Гогие Ахрэ, «ВоенТекстильПром» ООО-м и коммерческэ унафэщI **Кайгермазов Расул**.

«Севкаврентген-Д»-р ящыщщ медицинэ рентген зэращI Iэмэпсымэ нэхъыфI дыдэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм. Ар щIэх-щIэхыурэ хэтщ республикэм промышленностым зрагъэужьыным теухуауэ щекIуэкI зэпеуэхэм. Ди къэралым къыщыщIагъэкI медицинэ техникэхэм теухуа зэхыхьэ, гъэлъэгъуэныгъэхэм езыми щегъэлъагъуэ къыщIигъэкIхэр.

«ВоенТекстильПром»-р къэунэхуащ 2016 гъэм. ЩIыпIитхум щыIэ IуэхущIапIэм цIыху 1300-м щIигъу щолажьэ. Абы къыщIегъэкI дзэм хэтхэр зыхуеину фэилъхьэгъуэхэр. 2025 гъэм IуэхущIапIэм къудамэ къыщызэIуахынущ Къэрэгъэшрэ Прохладнэрэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# ЩIыналъэ ахъшэр зэрытрагуашэм теухуауэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

- Дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэм нэхъ мащIэ дыдэу къыщахь лэжьапщIэр нэхъыбэ зэращIынури, бюджет, автоном IуэхущIапIэхэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я улахуэр зэрыхагъэхъуэнури. Къищынэмыщlауэ, ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм иджыри ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащIэдгъэкъуэнур. ЩIыналъэм езым и хэхъуэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ нэхъыбэ зэрыхъум дыщегъэгугъ адэкIи апхуэдэу декIуэкIыну, - жиIащ АфэщIагъуэм.

Законопроектыр даIыгъыу къэпсэлъащ «КПРФ» фракцэм и унафэщI Пащты Борис, «Захуагъэр здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» фракцэм и унафэщI Кебеков Владимир, «ЛДПР»-м и унафэщI Безгодькэ Владимир, «Зелёные» фракцэм хэт Алтуев Аслъэн сымэ. Депутатхэм зэдэарэзыуэ Iэ яIэтащ дэфтэрым и япэ еджэгъуэм папщIэ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрыр адэкIэ тепсэлъыхьащ «Транспорт налогым ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 6, 7-нэхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Абы къыщыгъэлъэгъуащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы хэкIуэдахэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ транспорт налогыр зэрыщхьэщахыр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис тепсэлъыхьащ «Налогыр нэхъ тыншу къызэрыхах Iэмал» жыпхъэ хэхар Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыгъэсэбэпыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар хьэрычэт Iуэхур ядэIыгъыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм ящыщщ.

Министрым утыку кърихьащ «ЦIыхухэр ягъэджэгуу ахъшэ къэзылэжь IуэхущIапIэхэм я налогым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектри. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, букмекер IэнатIэм джэгум трагъэувар къэзыпщытэ и зы IуэхущIапIэм 2025 гъэм къыщыщIэдзауэ тралъхьэ налогыр сом мелуани 10-м нэс хагъэхъуэнущ.

Рахаевым ещанэу зи гугъу ищIа дэфтэрри теухуат налог зыт цIыху щхьэхуэхэм - хьэрычэтыщIэхэм - я налогыр гъэбелджылыным. Абы ипкъ иткIэ, «пIалъэкIэ налог ямытыныр» щIыналъэм къыщагъэсэбэпыфынущ 2027 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, 2023 гъэм и кIэм зи гугъу ящIхэм я хэхъуэхэр сом мелуани 104-м щIигъуауэ щытащ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ», «ЩIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэхэм жылагъуэр щыхъумэным и IуэхукIэ», «КъБР-м и сату щIапIэхэм я IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 10-нэ, 20-хэм, «КъБР-м хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр щыхъумэнымкIэ и уполномоченнэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 25-м, «КъБР-м и туризмэм ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ республикэ законхэм я проектхэр.

ЗэIущIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советыр зэрылажьэ щIыкIэм.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ къызэщIикъуэжащ 2024 гъэм и мазибгъум щIыналъэ бюджетыр зэрагъэзэщIар. «Республикэм и хэхъуэр сом мелард 45,7-рэ мэхъу, къигъэсэбэпар - сом мелард 43,5-рэ. Абы щыщу цIыхухэм дазэрыдэIэпыкъумрэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ текIуэдащ сом мелард 29,4-рэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, къэрал щIыхуэр сом меларди 7,7-м зэрынэсыр», - жиIащ Лисун Еленэ.

КъБР-м и Парламентым Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис тепсэлъыхьащ «Полицэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 12-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм жэрдэму къыщыхегъэлъхьэным. Ар даIыгъащ депутатхэм.

ЗэIущIэм зэдэарэзыуэ Iэ щаIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ Иркутск щIыналъэм и Хабзэубзыху Зэхуэсымрэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрыщIадзынум теухуауэ.

«ЩIыналъэхэр дызэрызэдэлэжьэн, дыщIызэчэнджэщын Iуэхухэр щыIэщ», - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Бжыгъэхэр

# Хэхъуэ яIэщ

**Дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкIхэм елэжь и IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкIа псыхэкIхэм я куэдагъым хагъэхъуащ. 2024 гъэм и щIышылэ – фокIадэ мазэхэм хуэзэу псыхэкIхэмкIэ промышленнэ индексыр проценти 186,8-рэ хъуащ.**

НЭГЪАБЭ щыIа бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, мы гъэм и мазибгъум къриубыдэу сырэу къыщIагъэкIар процент 14,6-кIэ нэхъыбэщ, псыIэфIыр – процент 17,2-кIэ, нарзаныпсыр – процент 1,2-кIэ. Апхуэдэуи хэхъуэ къагъэлъэгъуащ спирт, аркъэ, нэгъуэщI фадэ лIэужьыгъуэхэри къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм.

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышылэ – фокIадэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIагъэкIащ нэкулъ лIэужьыгъуэу тонн 507-рэ икIи ар проценти 4,4-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Нэкулъыр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэ нэхъ ину тху республикэм иIэщ икIи джэдкъазылымрэ былымылымрэ къыхэщIыкIауэ лIэужьыгъуэ куэд сату щIыпIэхэм хурагъашэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм псоми зэхэту лырэ джэдкъазылу къалэжьащ тонн мин 85,7-рэ (псэууэ шэчауэ). Нэгъабэрей бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, ар проценти 6,2-кIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу процент 37-р мэкъумэш IуэхущIапIэхэм къалъос икIи ар тонн мин 32-м ноблагъэ (псэууэ шэчауэ). Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм ар проценти 104,8-кIэ хуокIуэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



# Дзэ автомашинэхэр ягъэлъагъуэ

**Налшык, Абхъазым и утыкум, щагъэлъагъуэ Ипщэ дзэ округым и зауэлІхэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм бийм къытраха танкхэр, Іэщэхэр, нэгъуэщІ куэди. БгъэІэпхъуэ хъу гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщащ Ипщэ дзэ округымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ.**

ДУНЕЙР зэрымыуэфІыми емылъытауэ, щэкІуэгъуэм и 28-м утыкум цІыхушхуэ къыщызэхуэсат. Абы щыболъагъу автомашинэ 17: М2 «Брэдли» (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм), «Мардер» (Германие), CV90 (Швецие), БМП-1У (Украинэ), бронетранспортёр М113А4, Cougar MRAP (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм), M113G3DK (Дание), FV 103 Spartan (Великобритание), бронеавтомобилхэу Roshel (Канадэ), «Варта», «Козак-2М1», БТР-3ЕІ и БТР-4Е (Украинэ), гъуэгуанэ кІыхь къызэпычыным хуэщІа автомобиль HMMWV «Хамви» (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм), украин танк Т-64БВ «Булат», нэгъуэщІ дзэ маркэхэр. Апхуэдэу ягъэлъагъуэ Іэщэ лІэужьыгъуэхэри (гранатомётхэр, дронхэр).

ЩІыналъэм исхэм гъэлъэгъуэныгъэм фІащащ - «Хэкум и хъумакІуэхэм я зэфІэкІым дрогушхуэ» фІэщыгъэр. Дэтхэнэ автомашинэми дзэ Іуэху хэхам къулыкъу щызыщІэ зы щІалэ бгъэдэтщ. ПІалъэ кІэщІкІэ абыхэм яхъуэжащ къулыкъу щащІэ щІыпІэр - дзэ Іуэху хэхам къыхэкІри къалэ утыкухэм къэкІуащ, бийр зэрызэгъэпэща техникэхэмрэ Іэщэхэмрэ я лъахэгъухэм ирагъэлъагъун папщІэ.

- Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ ди бийхэр - ВСУ-мрэ НАТО-м хыхьэ къэралхэмрэ - зэуапІэ губгъуэм къызэрыщытпэщІэта техникэхэмрэ Іэщэхэмрэ. Ар яфІэгъэщІэгъуэну цІыхушхуэ къекІуэлІащ, - жиІащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур. - Ди щІыналъэм щыпсэу дэтхэнэ зыри, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, мыбыхэм еплъыну къыхузоджэ. Мы Іуэхур и щыхьэтщ Хэку лъагъуныгъэм, щІэблэр абы къыщхьэщыжын зэрыхуейм. Тхыдэр, япэ итахэм зэрахьа лІыгъэр, ноби ди щІыналъэр тхуэзыхъумэхэр щІалэгъуалэм зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Шэч къытетхьэркъым ТекІуэныгъэр къызэрытхьынуми!

Гъэлъэгъуэныгъэм куэду екІуэлІащ дзэ Іуэху хэхам къулыкъу щызыщІа щІалэхэри. Ахэр цІыхухэм, курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ яхутопсэлъыхь ягъэлъагъуэ дзэ техникэр бийм къызэрытраха щІыкІэм. Къэралым и щІыналъэ куэдым хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зауэлІхэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зэуапІэм Іутщ. КъыжыІапхъэщ, мы Іуэхум хыхьэу мобильнэ пункт къызэрызэрагъэпэщар, дзэ Іуэху хэхам зэгурыІуэныгъэкІэ кІуэнухэм папщІэ. Ипщэ дзэ округым и лІыкІуэхэм абдеж дыдэм щІалэгъуалэр щыхагъэгъуазэ къулыкъу зэращІэну щІыкІэм.

- Мыпхуэдиз цІыху гъэлъэгъуэныгъэм къызэрекІуэлІар гуапэщ. ТекІуэныгъэр къахьын папщІэ ди зауэлІхэм къызэранэкІ гугъуехьхэр зыхащІэн хуейщ цІыхубэм, - жиІащ лейтенант нэхъыжь, взводым и унафэщІ Трифанов Антон.

Выставкэм зыкъресыгъэхьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м и Музыкэ театрым и артистхэмрэ ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэмрэ. ЦІыхубэ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ гукъинэжу ягъэзэщІащ. Гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну гупыж зыщІхэм иджыри Іэмал фиІэщ. ЩэкІуэгъуэм и 28-м къызэІуаха выставкэр дыгъэгъазэм и 1 пщІондэ зэхэтынущ. Абы зыщыфплъыхь хъунущ пщэдджыжьым сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 18 пщІондэ.

Колоннэр Элиста къикІри, Налшык къэкІуащ. АдэкІэ абы къыпоплъэ Черкесск къалэр.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**



**● Дыгъэгъазэм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ**

# Узыхуэсакъыжмэ...



**Дуней псор зэлъэзыщІыса узыфэщ СПИД-р. Абы илІыкІхэмрэ ар зыпкърытхэмрэ я бжыгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр къыщыпщІэкІэ, СПИД-м дунейм цІыху мин бжыгъэхэр мыхъуу, къэрал псохэр тригъэкъэбзыкІынкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр къыбгуроІуэ.**

1988 ГЪЭМ къэрал псоми узыншагъэр хъумэнымкІэ я министрхэр зэхуэсри, а узыфэ шынагъуэм цІыхухэр щахъумэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм тепсэлъыхьащ. Нэхъыщхьэуи абы щыгъуэм къыхагъэщауэ щытащ СПИД-м къытхуихь тхьэмыщкІагъэр зыхуэдэр цІыхухэм къагурыІуэн зэрыхуейр. Абы иужькІэ дыгъэгъазэм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэу ягъэуващ.

СПИД-м пыщІа гузэвэгъуэр къызыгурыІуэхэр иужьрей зэманым нэхъыбэ хъуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ абы ехьэлІауэ къыщІагъэкІ хущхъуэхэр зэрефІэкІуар, сымаджэхэм я гъащІэм къызэрыпащэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а узыфэр зыгъэхъужыф зэкІэ щыІэкъым.

2023 гъэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, дуней псом щыпсэу цІыхухэм ящыщу мелуан 39,9-м ар япкърытщ. СПИД-р нэхъыбэу зэфыкІыр афиянымрэ фадэмрэ зи нэрыгъхэрщ. Абы пыщІащ венерическэ узыфэхэр, гепатитыр. СПИД-р зэуэлІам и блэгухэр, куэбзэпсхэр нэхъ ин мэхъу, техьэгъуэм зэщІеубыдэ, и щІыфэм плъыжьыгъэ къытрекІутэ, и жьэ кІуэцІыр къоху, пхъашэ мэхъу. А узыфэр зыпкърыт цІыхум и лъыр къыфлъэмыІэсамэ, ар шынагъуэкъым, Іэ зэрыубыдкІэ, хьэуамкІэ, унагъуэм щызепхьэ хьэпшыпхэмкІэ СПИД-р къоуэлІэнукъым. Мастэ зыхевгъэлъхьэн хуей хъумэ, зэ фІэкІа къамыгъэсэбэп шприцхэр къэфщэху.

Медицинэм и Іэмалхэм я закъуэкІэ узыпэлъэщын узыфэкъым ар, абы цІыхубэм я къару псори хузэщІэгъэуІуэн хуейщ. Абы къыхэкІыуи, СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу, узыфэ зэрыцІалэр къызыхэкІым, абы зэрызиубгъум, къишэ шынагъуэхэр зыхуэдэм, зэрызыщыпхъумэным теухуа зэхыхьэхэр дуней псом къыщызэрагъэпэщ.

Дохутырхэм цІыхухэр къыхураджэ зыкІэлъыплъыжыну, къабзэлъабзэу зэрыщытыным хущІэкъуну, щІэх-щІэхыурэ я узыншагъэр зыхуэдэр кърагъэпщытэну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

## Мы махуэхэм

**ЩэкІуэгъуэм и 30,**
*щэбэт*

♦**Компьютерхэмрэ абыхэм илъ хъыбархэмрэ хъумэным и дунейпсо махуэщ.**
♦**Унагъуэ псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Химие Іэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкІэ хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж махуэщ**
♦**1571 гъэм** Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ дунейм ехыжащ.
♦**1968 гъэм** Гагарин Юрий и Дыщэ медаль ягъэуващ.
♦**1925 гъэм** къалъхуащ Адыгей обкомым и япэ секретару лэжьа, СССР-м и консул нэхъыщхьэу Болгарием илъэсиблкІэ щыІа **Бэрзэдж Нухь**.
♦**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Жылокъуэ Зинаидэ**.
♦**1975 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Балъкъыз Вячеслав**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 1,**
*тхьэмахуэ*

♦**СПИД узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Хоккейм и урысейпсо махуэщ**
♦**1933 гъэм** Москва Литературэ институт къыщызэІуахащ.
♦**2001 гъэм** «Урысей зэкъуэт» партыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1933 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессору щыта **КІэш Антонинэ**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Сосмакъ Валетинэ**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэш ФатІимэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 2,**
*блыщхьэ*

♦**ПщылІыгъэр гъэкІуэдыным хущІэкъуным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапІэ банк лэжьакІуэм и махуэр**
♦**1851 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей джэгуакІуэ, усакІуэ **Агънокъуэ Лашэ**.
♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакІуэ, тхакІуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам папщІэ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща **Гъуэщокъуэ Хъусин**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градус 1 - 2, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**ЛІы и псалъэ епцІыжыркъым.**

**ДифI догъэлъапIэ**

# Лъэпкъым ухуэлэжьэным нэхъыфI щыIэкъым



**ГъащIэм укъыщызыгъэпэж, щыпкъэу къыббгъэдэт ныбжьэгъу уиIэныр насып Iыхьэщ. ЕхъулIэныгъэхэр къыбдигуэш къудей мыхъуу, дунеягъэ IуэхукIи къыплъэIэсу, хэхъуэри хэщIри къыбдищIэу. Мы тхыгъэр зи Iэдакъэщ1экI Балэ Людэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, и гъащIэр къыдэкIуэтей щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ триухуащ. Гурэ гурэ зэрощIэ, жыхуиIэм ещхьу, абы хуэдэу хэт зыхищIэн и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу, шыпхъу пэлъытэ къыхуэхъуа Бекъан Масирэт къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр. «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ а тхыгъэм и зы пычыгъуэ.**

ЩЫIЭЩ цIыху, сытми хэзагъэу, щIэныгъэ, IэщIагъэ игъуэтам зригъэужьу, и Iэзагъым хигъахъуэ зэпыту. Езым иIэ лъэкIыныгъэм апхуэдизкIэ и гур хегъахъуэ, дахагъэр апхуэдизкIэ къобэкIри, абыкIэ псоми дэгуэшэныр фIэфIщ. Апхуэдэм махуэ къэс зытет дунейр егъэдахэ, зыгуэр игъэгуфIэфмэ, зыхуэарэзыжщ. Си насыпым кърихьэкIри, илъэс 30 ипэкIэ сыхуэзащ зи зэфIэкIыр лъагэ апхуэдэ цIыху телъыджэ, егъэджакIуэ Iэзэ Гугъуэт-Бекъан Масирэт.

Масирэт Къармэхьэблэ 1959 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къыщалъхуащ. Щысабийм щIидзэри, псоми хуэхьэрхуэру ежьат ар фIым и лъыхъуакIуэ. ФIы щIэныр лъэкIыну къыщызыгъэхъу фIэщхъуныгъэм Масирэт гушхуэныгъэ къыхелъхьэри, и къарум къызэрихькIэ и гугъэм поджэж. Абы еджапIэм щIэныгъэм я нэхъыфIыр къыщIех, адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ и ущиякIуэрэ езым и акъылым и кхъузанэм псори щIигъэкIыу хьэлым я нэхъ дахэхэр зыхелъхьэ - зи ужь ихьэ Iуэхур къызыхуэтыншэу зэфIегъэкI, ерыщу ипэкIэ макIуэ, зыщIэхъуэпсыр зыIэрегъэхьэ.

ЕджапIэ нэужьым Масирэт нэмыцэбзэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызрегъэгъуэт. Нэмыцэбзэмкiэ дерсхэр зэратынум студентхэр хурагъэджэн мурадкIэ еджапIэхэм щагъакIуэм, гъэщIэгъуэн куэдкIэ щыгугъат Масирэт. Абы игу къегъэкIыж:

- СэркIэ гугъут егъэджакIуэ IэщIагъэр зыхэсщIэну... Ар къыхэкIат узыIущIэ цIыху мыцIыхухэми, узыщымыгъуазэу еджапIэм щекIуэкI хабзэхэми. Гугъут ар псори, егъэджэн Iуэхур хыфIэдзэн зэрыхуей гупсысэхэр куэдрэ си щхьэм къизэрыхьырт, ауэ ерыщагъыр си гуитIщхьитIым текIуэрти, гугъуехь псоми сыпагъэлъэщырт, сабийхэм я деж сыщIашэрт. Ауэрэ сабийхэм сыдахьэх, абыхэм я къэухьымрэ я хьэл-щэнымрэ къэслъытэурэ еджэгъуэ сыхьэтхэр сызэрыхуейм хуэдэу ухуэным яужь сохьэ. А зэманым егъэджэныгъэр сабийхэм нэхъ щIэщыгъуэ ящызыщIын Iэмалыщiэ гуэрхэр сэ езым къэзгупсысакIэт, абыхэм зэрадэлэжьэн хуей си еплъыкIэхэри сиIэжт. АрщхьэкIэ, си дерсхэм къыкIэлъыплъыну, и IэзагъымкIэ къыздэгуэшэну сызыхуагъэкIуа егъэджакIуэ-унэтIакIуэм си хуитыныгъэр къызэпеуд, абы и жыIэм сыщIэтын хуей мэхъу. Анэмэт къыхуащIа студентхэм егъэджакIуэр апхуэдэу зэрабгъэдыхьэр сигу ирихьакъым - егъэджакIуэ IэщIагъэм хуеджэ ныбжьыщIэхэм, сэ сызэреплъымкIэ, урок ухуэкIэм щIэныгъэкIэ щIэгъэбыдэжа езыхэм я еплъыкIэ хуаIэжын хуейщ. Ар дерс схуэхъуащ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, сабийхэм сыдахьэхащ, егъэджакIуэ IэщIагъэми гу хуэсщIащ.

КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэмкIэ и къудамэр къиуха нэужь, Масирэт Къармэхьэблэ игъэзэжащ, нэмыцэбзэр иригъэджыну. Зэрысабийрэ Балъкъ псы уэрым и лъагъуэр ерыщу зэрыпхишыр зи нэгу щIэкIа хъыджэбз набдзэгубдзаплъэм а псы ежэхым и къарур зыхелъхьэ. Аращ Масирэт сыт щыгъуи и щытыкIэр - гугъуехь пылъми, къэмыувыIэу, и IущагъкIэ и гъащIэ гъуэгур пхешыж.

Унагъуэ ихьэу Налшык къэIэпхъуэн хуей щыхъум, нэмыцэбзэр къигъанэу адыгэбзэр иригъэджыныр къыхудокI - лэжьапIэ лъыхъуэу 11-нэ къалэ еджапIэ здекIуэлIам къыхуагъэлъэгъуэфар арати. Ар хуэшэрыуэт нэмыцэбзэм, урысыбзэм хуэIэзэт, адыгэбзэр къабзэу игъэбзэрабзэт, а псоми къадэкIуэу егъэджэныгъэ IэмалыщIэхэм лъыхъуэн, къигупсысын фIэфIт, нэгъуэщI лъэпкъыбзэр сабийхэм зэрегъэщIапхъэ методикэхэм хуеджакIэт, ар и IэщIагъэт. Анэдэлъхубзэр зыIурымылъу къэхъу къалэдэс сабийхэм адыгэбзэр егъэджынымкIэ а псори щхьэпэт, ауэ адыгэбзэмкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэн хуейт, къапщтэмэ, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэм щIэрыщIэу хуеджапхъэт.

Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ къэралыбзэу КъБР-м щагъэуват, еджакIуэ псоми Iэмал имыIэу лъэпкъыбзитIым языхэзыр яджын хуейуэ къэралым унафэ къиищтат. Къалэ еджапIэхэр егъэджакIуэхэм хуэныкъуэт, бзэр зыIурымылъ сабийхэм адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэ программэхэр, тхылъхэр, методикэ чэнджэщхэр щыIэтэкъым, кIэщIу жыпIэмэ, къалэдэс щIэблэм адыгэбзэр егъэщIэн Iуэхугъуэр зыхуэныкъуэншэу къызэгъэпэщын хуейт.

А зэманым егъэлеяуэ псынщIэу зызыужь, зэлэжьым псэ хэзылъхьэ Масирэт гу къылъатэ. И адэ къуэш, Лениным и орденыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща егъэджакIуэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Гугъуэт Лол трегъэгушхуэри, Масирэт программэр етх, Лол и гъусэу япэ гъэ еджэгъуэм сабийхэр зыхуей «Адыгэбзэ додж» тхылъыр къыдагъэкI.

- ФIыуэ слъагъу IэщIагъэр зэрызэзгъэгъуэтам и фIыгъэ куэд хэлъщ си адэ къуэш Гугъуэт Лол. Абы хуэдэу сыхъуну сыщIэхъуэпсу си сабиигъуэр есхьэкIащ. Пэжу, сэ сыщыгъуазэтэкъым а лэжьыгъэм хэлъ гугъуехь псоми, арщхьэкIэ зи ужь сихьа Iуэхум ерыщу сыпэрыту си хьэлти, ар щхьэпэ къысхуэхъуащ, - игу къегъэкIыж Масирэт.

Педколледжым щригъаджэ студентхэр и деж практикэ къишэурэ илъэс куэдкIэ ядэлэжьати, Гугъуэт Лол игу бгъэзэгъэн папщIэ, щIэныгъи Iэзагъи пхэлъын зэрыхуейм фIыуэ щыгъуазэт Масирэт. Абы ипкъ иткIэ, ар гугъу зэрехьар шэчыншэщ, ауэ адэкIэ къыпэплъа лэжьыгъэхэри нэхъ тынштэкъым - ар и закъуэу йолэжь егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри зыхуей тхылъхэм, тетрадхэм, пособиехэм, адыгэбзэр егъэджынымкIэ зыхуэныкъуэ сурэтхэм, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым кърагъэблагъэри и IэзагъымкIэ егъэджакIуэхэм щыдогуашэ, и урокхэм щIэх-щIэхыурэ къекIуалIэр куэд мэхъу.

Масирэт и лэжьыгъэм кIэлъагъэплъын мурадыр яIэу ар щылажьэ еджапIэм КъБР-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым куэдрэ къыщызэрагъэпэщ адыгэбзэр егъэджыным теухуа семинархэр, зэIущIэхэр.

Сыт хуэдэу гугъу емыхьми, унагъуэ Iуэхухэри, лэжьыгъэ къалэнхэри зыхуей хуигъазэрт. Лэжьыгъэм и хьэтыркIэ нэху щыху щысыфырт, зыгуэрхэм лъыхъуэу, къигъуэтахэм щыгуфIыкIрэ ахэр дерсым къызэрыщигъэсэбэпыным, темэ къищтам зэрыхиухуэнэным, сабийхэм гъэщIэгъуэн зэращищIыфыным егупсысу.

Масирэт илъэс 26-м щIигъукIэ лэжьащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ-гъэунэхуакIуэу, цIыхум игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр, адыгэпсэм и хъугъуэфIыгъуэхэр сабийхэм я деж зэрынихьэсыным хущIэкъуу. Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я къэралпсо зэпеуэм и утыку япэу ихьар Масирэтщ. Абы и лъэкIыныгъэр, и щIэныгъэр, и Iэзагъыр къалъытэри, къэралпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм хэтыну Масирэт тIэунейрэ Мэзкуу ирагъэблэгъащ.

11-нэ къалэ еджапIэм зэрыщылажьэм хуэдэурэ, Масирэт адыгэбзэмрэ литературэмкIэ методисту щылэжьащ Налшык къалэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэ институтым, Хъурей Феликс и унафэщIу Налшык къалэ дэт, бизнесымкIэ университетым адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ щригъэджащ. Масирэт а зэманым къызэригъэпэщащ щIалэгъуалэм я акъылым зезыгъэужь, щIэныгъэ къезыт «Акъыл жан», «Псори сщIэну сыхуейщ» зэпеуэхэр. Урысейм щIэныгъэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым ирагъэблагъэри, Масирэт щылэжьащ а центрым хыхьэ институтым и «Компьютер бзэщIэныгъэ» къудамэм. Абы зэрыщылажьэм къыдэкIуэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и адыгэ къудамэм редактору щыIащ. Масирэт и унафэм щIэту лэжьащ «Адыгэбзэ зыдогъащIэ» унэтIыныгъэмкIэ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ зытха егъэджакIуэхэр, тхылъыщIэхэр къыдэкIыным лэжьыгъэшхуэ езыми хищIыхьащ.

2013 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм и 26-м къыщыщIэдзауэ институтымрэ КъБР-м и телеканалымрэ лъэпкъыбзэхэмкIэ зэгъусэу къызэрагъэпэща дерсхэр къагъэлъагъуэу щIадзащ. Ахэр «Телеstudio» сайт къызэрагъэпэщам занщIэу къихутэрт. Мы дерсхэм хуэдэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэтэкъым. Адыгэбзэ урокхэр зыгъэпсри, езыгъэкIуэкIри Масирэтт. АпхуэдизкIэ дихьэхырт а лэжьыгъэщIэм егъэджакIуэ Iэзэри, зы махуэм дерситI-щы щытрах къэхъурт. УрокипщI зэман кIэщIым щригъэтх щыIэу лажьэрт Масирэт. Урокхэр тхьэмахуэм тIэу къагъэлъагъуэрт, тIэу къытрагъэзэжурэ къатыжырт. Сыт хуэдиз акъылрэ лIыгъэрэ къыплъыкъуэкIын хуей, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис адыгэхэм нэмыщI, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри, я бзэр яджын папщIэ, зэплъ урокхэр къэбгупсысын, зыхуейзыхуэныкъуэхэмкIэ къызэбгъэпэщын, апхуэдиз цIыхум я пащхьэ укъиувэу ар екIуу ебгъэкIуэкIын щхьэкIэ?!

Масирэт адыгэ лъэпкъым, адыгэбзэм, и IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ абыхэм я деж щиIэ жэуаплыныгъэмрэ я къарур и псэ къабзэмкIэ фIыуэ зыхещIэ, аращ абы сыт щыгъуи езым гурыфIыгъуэ къызыхих, лъэпкъым къыхуэсэбэпын Iуэхугъуэ щхьэпэхэм тезыгъэгушхуэри.

Бекъан Масирэт и зэфIэкIхэр гулъытэншэу къэнакъым. КъытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ куу етыныр зи гъащIэ Iуэхуу къэзылъытэ бзылъхугъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа зэпеуэм щытекIуахэм яхэту сом мини 100 къратащ, 2007 гъэм Бекъан Масирэт къэралпсо зэпеуэм и «ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъури, УФ-м и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъри къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Масирэт иIэщ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Правительствэм, КъБКъУ-м, ДАХ-м, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI куэдми я щIыхь тхылъхэр.

Дэтхэнэ зыми и хъуэпсапIэщ цIыхум я гум фIыкIэ къинэныр. Ар фэеплъу щыIэм я нэхъ лъэщщ. Апхуэдэ лъагъуэ мыкIуэдыжын пхишу мы дунеишхуэм тетщ Масирэт, аращ ар сабийхэми, абыхэм я адэ-анэми фIыуэ къыщIалъагъур, гуапэу ягу къыщIэкIыжыр.

Пэлъэщыну къыщIэкIынтэкъым зыми Масирэт, и щхьэгъусэ Юрэ щIэгъэкъуэн къыхуэмыхъуамэ, и къуэ Маратрэ ипхъу Светэрэ гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу адэ-анэм къащIэмыувамэ. Нэхъыжьым и пщIэр, нэхъыщIэм и нэмысыр щагъэлъапIэрэ зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэдопсэу Бекъанхэ. Марат адэ-анэм ящхьэщытщ, Светэ Мэзкуу щопсэу, сурэттех Iэзэщ. И лэжьыгъэмкIэ куэдрэ ежьэн хуей мэхъу, дэнэкIэ щыIэми, адэ-анэр гулъытэкIэ егъафIэ. Масирэт сыт щыгъуи фIэфIщ дунейм зыщиплъыхьыну, щIэ гуэрхэр зригъэлъагъуну, ар зыщIэ пхъу гумащIэм анэм и хъуапсэр кърегъэхъулIэ, игъусэу куэдрэ здрешажьэ.

НыбжьыщIэхэм адыгагъэр яхэлъу бгъасэу лъэпкъым ухуэлэжьэным нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым, а къалэныр илъэс 40-м щIигъуауэ егъэзащIэ Масирэт. Ноби ар и гъуэгу тетщ, и гупэр фIым хуэгъэзауэ. Масирэт и гъащIэр илъэс бжыгъэ дахэм нэсащ. Ауэ къыпожьэ абы гъэщIэхэр, абыхэм гъащIэр ягъэIэпхъуэ, насып нэхъ куухэм хуашэу. КIуэ, си шыпхъу нэхъыщIэ, укъэмыувыIэу, насыпыщIэхэм я гъуэгур къызэIупхыу.

*Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**ТАБЫЩ Муратщ**.






# Уней IуэхущIапIэхэм къахохъуэ

**Дызэрыт илъэсым кърикъубыдэу ди къэралым уней IуэхущIапIэу зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэм процентi 4,7-кIэ хэхъуащ икIи 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу псори зэхэту мелуани 4,2-рэ хъуащ.**

МСП Корпорацием и унафэщI Исаевич Александр зэрыжиIамкIэ, абы щIыхэхъуам и щхьэусыгъуэр мы гъэм уней IуэхущIапIэу мин 847-р абыхэм я реестрым зэрыхагъэхьарщ, абы щыгъуэми - мин 643-р хагъэкIыжащ. Апхуэдэуи унафэщIым къыхигъэщащ, а бжыгъэр нэхъыбэу къыхэзыгъэхъуар Херсон, Запорожье областхэм, Къалмыкъым, Шэшэным, Удмуртием я уней IуэхущIапIэхэрауэ зэрыщытыр.

«Уней IуэхущIапIэхэм ящыщу зи бжыгъэм нэхъыбэу хэхъуар ухуэныгъэхэм пыщIа IэнатIэхэрщ (проценти 9,4-кIэ), администрацэ лэжьыгъэм хэтхэрщ (проценти 8,4-кIэ), хъыбарегъащIэ технологием (проценти 8,4-кIэ), щэнхабзэм, спортым, нэгузегъэужьыпIэхэм епхахэрщ (проценти 8-кIэ)», - жиIащ Исаевич Александр.

Абыхэм я процент 41-р цIыхубзхэм яIыгъщ. Уней IуэхущIапIэ къэс еплIанэр зыгъэлажьэм и ныбжьыр илъэс 35-м щIигъуркъым, дэтхэнэ ещанэри илъэс 36 - 45-м итхэрщ, нэхъыжь дыдэхэм я ныбжьыр илъэс 95-м щхьэдэхащ икIи апхуэдэхэр цIыху 13 мэхъу.

2024 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и уней IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм проценти 2-кIэ хэхъуащ икIи жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу 16015-рэ хъуащ. Абыхэм ящыщу микробизнесым хэтхэр 15945-рэ, хьэрычэт мыиным - 69-рэ, хьэрычэт курытым - 1. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу МСП Корпорацием зыуэ щыт и реестрым щIэуэ щатха уней IуэхущIапIэхэр 4083-рэ хъуащ.

КъБР-м и уней IуэхущIапIэхэм я нэхъыбэр зыпэрытыр мэкъумэш IэнатIэрщ - мини 9,2-рэ, ухуэныгъэм хэтхэр - 774-рэ, щэкI-фэхэкIхэм елэжьхэр, щыгъын зыдхэр - 577-рэ, туризмэмрэ хьэщIэщхэмрэ епхахэр - 486-рэ, егъэджэныгъэм пэрытхэр - 273-рэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

# ЩІэпхъуэжа

## Іуэтэж

Мыр къыщыхъуар лІэщІыгъуэ блэкІам и 50 гъэхэрщ.

Гъубж махуэм пщэдджыжьым, район военкоматым къикІауэ къуажэм зы капитан щІалэ къэкІуащ. Ар Мэремхэ я деж Іухьащ, участковэ милиционерыр и гъусэу. ФІэхъус зэрахри, капитаныр епІэщІэкІыу щІэупщІащ:

- Дэнэ щыІэ фи щІалэр? Сывгъэлъагъу!

Аслъэн и анэ Жансурэт Ізнкун хъуауэ къызэфІэтІысхьащ, жиІэнур имыщІэу. ТІэкІу дэкІри, зыкъищІэжа нэужь, жиІащ:

- Азалыхь, дыгъуасэ, блыщхьэ махуэм, и гъуэмылэкІи, нэгъуэщІ зыхуэныкъуэхэмкІи зэгъэпэщауэ, хъуржыныр и плІэм идзауэ, ди хьэблэм дэс и ныбжьэгъу Муратрэ Мартинрэ я гъусэу едгъэжьамэ, военкоматым кІуэну.

- АтІэ, ди анэ, - жиІащ капитаным, - евгъэжьами - нэкІуакъым, некІуэлІакъым военкоматым. Апхуэдэм зэреджэр дезертирщ, тутнакъэщыр къилэжьащ. Дзэм кІулыкъу щищІэным зыпыІуидзащ, зигъэкІуэдащ. КъыкъуэкІыжхъурэ - занщІэу военкоматым нэвгъакІуэмэ, фи дежкІи езым и дежкІи нэхъыфІщ, и зэранышхуэ къемыкІыу, тезырышхуэ къимыхьу зэтедуІэфІэнщ.

Ар жаІэри, капитанымрэ участковэмрэ ежьэжащ. Арщхьэк Іэ Іуэхур апхуэдэу зэфІэкІакъым. Мэремхэ я унагъуэм къыкІэлъыплъ хъуащ, участковэр я пашэу. Нартыху хадэр щІащыкІырт, гъунэгъухэри дагъакІуэрт, хьэ гъэсахэр я гъусэу губгъуэ пабжьэхэмрэ мэзхэмрэ щІащыкІырт. Псыхъуэхэм, Іуэхущ1апІэхэм, пщыІэ тІуащІэхэм щылъыхъуэрт. Уеблэмэ гъэмахуэ Іэщ хъупІэхэр, къурш лъапэхэр щІащыкІырт. Іуэхур кІуэ пэтми нэхъ куу хъурт. Унагъуэр бэлыхь хэхуат, гупсысэмрэ бампІэмрэ хэмыкІ хъуащ.

Аслъэн апхуэдэ ищІэнур фІэщхъугъуейт - щытхъушхуэ зиІэт, илъэсищкІэ дзэ кІулыкъур хъарзынэу ирихьэкІри, сержант хъуауэ къигъэзэжат. Дагъуэншэу, пщІэ иІэу, ныбжьэгъу хъарзынэхэр и куэду лажьэрт, хьыхьэхэкІ иІэт.

Анэракъэ мыгъуагъэ зыхьыр. Абы жей жыхуэпІэр ищІэжыртэкъым, жэщкІэ и напІэр зэтрилъхьэмэ, пщІыхьэпІэ Іей илъагъурти, къаскІэрт.

Махуэ гуэрым зы цыджан фызыкъ Іэгуиплъэ гуэр пщІантІэм къыдыхьащ. Абы куэзыр иригъэдзати, «ФыщІэгуэзвэн щыІэкъым, и Іуэху ІейкІым, ауэ письмо къитх хъуркъым», - къэжриІащ.

Абы хэту къуажэ поштым письмо къаІэрыхьащ, Аслъэн къригъэхьу, и хэщІапІэр темыту, къыздикІыр къыпхуэмыщІэну. Поштым Мэремхэ я благъэ цІыхубз щылажьэрти, письмор къызыхуагъэхьахэм дэнэ щаритыжынт. «Аслъэн занщІэу къагъуэтынщи ягъэтІысынщ», жиІэри, письмом къемыджэу икІи зыми иримыгъэлъагъуу игъэсащ.

Абы иужькІэ махуэ зытІущ дэкІауэ, Дон Іус Ростов къикІыу хъыбар гуауэ къаІэрыхьащ, тхылъ щІымыгъуу моргым зы щІалэ щІэлъщи, къэзыцІыхужын щыІэмэ, жаІэу лъыхъуэу. Мэремхэ я гуныкъуэгъуэр гуныкъуэгъуитІ хъуащ. Анэм и дэлъху Аскэр Дон Іус Ростов ягъэлъатэ. Мэремхэ я насыпти, Аскэр зыуплъар Аслъэнтэкъым.

Къуажэм щыщ Іэщыхъуэ щІалэ мазэ хъуауэ Аурсэнтх щыІауэ и унагъуэм къахыхьэжащ абы ирихьэлІэу. И анэр щІэупщІэу хуежьащ:

- Апхуэдизрэ щхьэ укъэмыкІуэжарэ? Зыбгъэкъэбзэн, уи щыгъынхэр зэпхъуэкІын хуейтэкъэ?

- Псори тэмэмт, псынэ гъунэгъути, абы зыщызгъэпскІырт, щыгъынхэр хэзжьыщІэрти жыг щхьэкІэм фІэздзэурэ згъэгъущыжырт, ауэ сыкъэкІуэж хъуртэкъым, плъыр гъусэ зэрызимыІам къыхэкІыу.

- АтІэ, иджы уззэзыхъуэкІын къэбгъуэту укъэкІуэжауэ ара?

- Пщыхьэщхьэ гуэрым, пшапэр зэхэуауэ пщыІэм зы щІалэ нытехьащ. Ар уэшхым иуфэнщІат псыр къыпыжу, мэжалІэрт, плІэидзэ къэлътмакъ пщІэхэлъ фІэкІаи, нэгъуэщІ хьэпшыпи иІэткъым. Арати, ар къытезнэри сыкъэкІуэжащ.

- Хэт хъуну а щІалэр, хэтхэ ей?

- Уэлэхьи, а псомкІэ сеупщІыну сыхунэмыса, ауэ и цІэр Аслъэнщ.

Арати, Аслъэн псалъэр уэжыпІа, сэ жысІа - псынщІэу къуажэм щызэлъэІэсащ. Мэремхэ ар зэхамыхыу къэнэнт?! «Нива» машинэм цІыхуитІ итІысхьэри, макІуэ-мэлъей - Аурсэнтх кІуэну ежьащ. Махуэри кІуащ, жэщри кІуащ, ежьахэм хъыбар яІэкъым. КъыкІэлъыкІуэ махуэм, къэхъуар зэхагъэкІыну, УАЗ машинэкІэ аргуэру цІыхуитІ ежьащ. Ахэри бзэхащ. Ещанэ махуэм, пщэдджыжьыпэу, Іэхъуэ дэкІыгъуэм ирихьэлІэу УАЗ-м «Нива»-р кІэрыщІауэ къагъэзэжащ.

- Сыт къэхъуар, флъэгъуар? - гузавэу щыщІэупщІэм, модрейхэм жаІащ Аслъэн и лъэужь зэрытемыхьар.

- КъущхьэхъуМ дынэмысыпэ щІыкІэ «Нива» машинэр къутащ. Дэ пщыІэм дыщытехьам зы цІыхум дыхуэзакъым. Губгъуэм дихьэри, Ізбгъэхэр къызэхэтІыхьащ, ІэщыхъуэхэМ Аслъэн яхэтлъэгъуакъым. ПщыІэм къэдгъэзэжри, пщыхьэщхьэ пщІондэ, Ізбгъэр къытехьэжыху Аслъэн дыпэплъащ. Ауэ къытехьэжа щІалэр жыжьэрэ гъунэгъуу ди Аслъэнтэкъым!

Дзэ зыгъэсэныгъэхэм хухаха мазищ пІалъэр иухри, Муратрэ Мартинрэ къагъэзэжащ кІулыкъур хъарзынэу ягъэзэщІауэ. Абыхэм я гуфІэгъуэмэ, Мэремхэ я хьэдагъэт!

Аслъэн и хъыбар зэрыщымыІэрэ мазэ еплІанэр екІуэкІырт.

ИлъэсищІэр къихьэным куэд имыІэжу, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Мэремхэ я куэбжэпэм такси къыІулъэдащ, гуфІэгъуэм и нэщэнэу къигъэкІийуэ. Хьэблэр псынщІэу къызэхуэсащ, Мэремхи зэрыунагъуэу къызэрыдэхащ пщІантІэм. Мо пщыхьэщхьэ кІыфІым таксим къикІар зэуэ къэпцІыхунт?! Лейтенант щІалэр, и бгъэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ зы медали хэлъу, Аслъэнт! Ар къамыІэттэмэ, Іэплlэ, ба хуамыщІтэмэ! ІэплІэшэкІкІэ унэм щІашэжащ.

Абы и гуфІэгъуэ пшыхьыр зэфІэкІа нэужь, и адэ-анэр щІэупщІащ Іуэхур къызэрекІуакІам, хъыбар къащІримыгъэщІам, гузэвэгъуэм ахэр щІыхидзам.

- Хъыбар фэзмыгъэщІэнуи си пщІыхьэпІэ къыхэхуатэкъым, сигумфимыльуи, сыфхуэмызэшуи зы сыхьэти, зы махуи кІуакъым, ауэ Іуэхур мыфэмыцу екІуэкІащ. Сыщежьа блыщхьэ пщэдджыжьым къуажэ Советым и зэхуэсыпІэм и чэзум дынэсащ. Пасэрейм зэрыжиІащи, насып уимыІэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Си щхьэ ІуэхукІэ сыукІыу сыкъыщІыхьэжам си ныбжьэгъухэр бгъуэтмэ къащтэ - машинэр къэсри, псори ипхъуэтат. Сыт сщІэнт - тездзэри шоссем сыкІуэну лъэсу сежьащ, машинэтедзэкІэ салъэщІыхьэжыну си мураду. Шоссе Іуфэм куэдрэ сылута, мащІэрэ сылута, шэджагъуэхуегъэзэкІ хъуауэ щІалэ зыбгъупщІ исуу полуторкэ машинэ къэсар къэзгъэувыІэри, ситІысхьащ. КъызэрыщІэкІымкІэ, щІалэхэри сэ схуэдэу военкоматым кІуэуэ арат. Мис абыхэм сахэзэрыхьри, ахэр Лэскэнрэ Арщыданрэ щыщт, къэралым и гъунапкъэм дашащ. Гъуэгу дыздытетым, зы станц гуэрым деж письмо къыщиздзауэ щытащ. Дыздаша къэрал гъунапкъэр, «часть щэху» жыхуаІэм хуэдэти, письмо къэттхынкІи хъыбар фэдгъэщІэнкІи Ізмал диІакъым. Аращ мазиплІ дзэ кІулыкъур етхьэкІа зэрыхъуари.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ унагъуэри жылэри гуфІэжауэ, Аслъэн и лъэпкъым и щІыхьри иІэтауэ щытащ. Дезертиру къалъытэу къалъыхъуа щІалэр хэкупсэ нэсу зэрыщытым и щыхьэтт къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэри.

**ПЩЫБИЙ СулътІан.**

# ЛІыхъужьхэм я фэеплъхэм зэхуашэс



**Прохладнэ щІыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм и курыт еджапІэ №2-м Іуэхугъуэ гукъинэж щекІуэкІащ: мы школым щеджа, дзэ Іуэху хэхам лІыгъэ зэрихьэу хэкІуэда Тэмазэ Тимур и фэеплъу абы къыщызэІуахащ «ЛІыхъужьым и партэр».**

«ЛІыхъужьым и партэр» – ар еджакІуэхэр зыбгъэдэс стІолщ, абы трагъэуващ Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь Тэмазэ Тимур и сурэтыр, и гъащІэр къызэрекІуэкІам теухуа тхыгъэрэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэмрэ. Іуэхум хэтащ щІалэм и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, ныбжьэгъухэр, къуажэдэсхэр, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмк Іэ и министерствэм, «Хэкум и хъумакІуэхэр» щІыналъэ фондым я лІыкІуэхэр, Прохладнэ щІыналъэм и администрацэм и лэжьакІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Зи псалъэ тебгъуэтэж, зи лэжьыгъэм хуэпэж, жэуаплъыныгъэшхуэ зыхэлъэрэ зи къалэнхэр гу къабзэкІэ зыгъэзащІэ цІыхуу щытауэщ Тимур ягу къызэрагъэкІыжыр и гъусэу дзэ Іуэху хэхам хэтахэм, ар зыцІыхуу щытахэм. ИкІи шэч къытрахьэркъым абы и дуней тетыкІар къытщІэхъуэ щІэблэм щапхъэ зэрахуэхъунум, хэкупсэу ахэр къызэрытэджынум. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ нобэрей щІалэгъуалэм я дежкІэ икІи Тимур зэрихьа лІыгъэр и хэкуэгъухэм зэи ящыгъупщэнукъым.

Апхуэдэ дыдэ Іуэхугъуэ иджыблагъэ щызэхэтащ Тэрч щІыналъэм щыІэ Акъбащ Ипщэм и курыт еджапІэми. Абы къыщызэІуахащ дзэ Іуэху хэхам хэкІуэда я къуажэгъухэм, лъахэгъухэм я «ЛІыхъужьхэм я блынджабэр».

ЗэІущІэм хэтащ Тэрч щІыналъэм и администрацэм, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмк Іэ и министерствэм, КъБР-м и ЩІалэгъуалэ центрым я лэжьакІуэхэр, лІыхъужьхэм я благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, къуажэдэсхэр, дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

«ЛІыхъужьхэм я блынджабэм» кІэралъхьащ Хэкур яхъумэу, лІыгъэшхуэ зэрахьэу дзэ Іуэху хэхам хэкІуэда Къудей Ратмир, Гындыгъу Алан, Ирыгу Рустам, ЛІыІэщын Къантемыр, Къамбот Батрэз, Къардэн Хъызыр, Къатей Къантемыр сымэ я сурэтхэр, я лъабжьэхэм кІэщІатхащ лІыхъужьхэм къакІуа зауэ гъуэгуанэмрэ зэрахьэ лІыгъэмрэ ятеухуа хъыбархэр.

«Къуажэдэсхэм зэи ящыгъупщэнукъым Хэкум и хъумакІуэ пэжхэр, мамыр гъащІэм зи псэр щІэзыта я къуажэгъухэр икІи абыхэм я цІэхэр дыщэпскІэ тхыдэм къыхэнэнущ, щІалэгъуалэми щапхъэ яхуэхъунущ», - жаІащ зэхуэсым кърихьэлІахэм.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Едыдж.**



# ХадэхэкІхэмрэ лымкІэ дыбейщ

**● Мэкъумэш**

**2024 гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэм пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІрэ зэрылъ банкІ мелуан 295,5-рэ хуэдиз траІуэнтІащ е нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІа бжыгъэхэм проценти 105-кІэ хуэкІуэу.**

ЗЭРЫХАБЗЭУ, консерв заводхэм нэхъыбэу къыщІагъэкІыр бэдрэжан пІытІахэрщ, абы къыкІэлъокІуэ джэш хъурейимрэ нартыху ІэфІымрэ, итІанэ – нащэ гъэфІэІуар.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІ иралъхьэу банкІыу республикэм щытраІуантІэм и куэдагъымкІэ Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр КъБР-м щиІыгъщ, къыщІагъэкІ продукцэхэми къэралым щыцІэрыІуэ фІэщыгъэхэр, е къыщІэзыгъэкІ Іуэхущ1апІэхэм я цІэхэр зэрахьэ.

Апхуэдэуи къыщыщІагъэкІ мэкъумэш продукцэм и куэдагъымкІи Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэм щыпэрытщ. Дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу республикэм и мэкъумэшыщІэхэм яхуэзэфІэкІар проценти 104,1-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм щыІахэм нэхърэ.

Псом хуэмыдэу ехъулІэныгъэфІхэр щаІэщ Іэщ гъэхъун ІэнатІэм. Псалъэм папщІэ, 2023 гъэм и мазибгъум къриубыдэу яхуэзэфІэкІам нэхърэ мы гъэм и щІышылэ - фокІадэ мазэхэм лыуэ къалъэжьар проценти 6,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ. АбыкІи КИФЩІ-м дыщыяпэщ, джэдыкІэу кърахам и куэдагъымкІэ дыетІуанэщ. Мыбдежым хэхъуэу къагъэлъэгъуащ проценти 3,7-рэ. ШэмкІэ Кавказ Ищхъэрэм дыщыещанэщ: 2023 гъэм и мазибгъум къриубыдэу шэуэ къашам мыгъэрей бжыгъэхэр проценти 102,2-кІэ хуокІуэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Лъэужь дахэ щэнхабзэм къыхэзына Тубей Артур

**ЕгъэджакIуэ, пшынауэ, уэрэдус цIэрыIуэ Тубей Артур Николай и къуэр 1960 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м Тэрч щIыналъэм хыхьэ Астэмрей (Акъбащ Ипщэ) къуажэм къыщалъхуащ, 2010 гъэм дунейм ехыжащ.**

**И адэ-анэр зэбгъэдэкIыжа нэужь, и анэ Лизэ етIуанэу Ботэщей къуажэм унагъуэ щихьэжри, Артур абы къыщыхъуащ - и сабиигъуэри и щIалэгъуэ дахэри абы щигъэкIуащ. ПэщIэдзэ еджапIэр Артур Урожайнэм дэт интернат №11-м щыщIидзащ, ауэ илъэситI нэужьым, Ботэщей дэт езанэ курыт школым къашэжри, абдежым ар къыщиухыжащ. ЕджэнымкIэ Артур ехъулIэныгъэфIхэр иIэ пэтми, ар нэхъыбэу дэзыхьэхыр спортыр ат. Артур, и ныбжьэгъухэмрэ и къуэш нэхъыжьымрэ я гъусэу, къуажэ губгъуэм деж щызэхашэ зэпеуэхэм хэтт, топыр къыщрихуэкIыу. Арати, спортым дихьэха щIалэщIэр Тэрч куейм и «Шагъдий» футбол командэм хохьэ икIи а гупым я гъусэу Тубейр тIэунейрэ КъБАССР-м и чемпион мэхъу.**




АРТУР и анэ Лизэ пшынэр дахэ дыдэу игъэбзэрабзэрт, хуэдабзэу и анэшхуэм и пшынауэкIэм и къуажэгъухэр щIэдэIурт, ягъэщIагъуэу, я гум дыхьэу. Ауэ гъэщIэгъуэныр зыщ: адыгэ макъамэр щIалэ цIыкIум и унагъуэм куэдрэ щызэхих пэтми, езы Артур и сабиигъуи и еджэгъуи пшынэ еуэну ауи игу къэкIыххакъым, щыщIидзар илъэс 18-м итущ. Я анэм Артур и шыпхъум «къэзан» пшынэ цIыкIу къыхуищэхуат: «Зегъасэ, гъащIэм сэбэп къыщыпхуэхъужынщ», - жиIэри. Ауэ и шыпхъум и пIэкIэ, пшынэ цIыкIур Артур нэхъыбэрэ къызэрищтэр ялъагъут. Еджэным зэман тIэкIу къыщыхудэхуэхэм деж, къуагъэнапIэм къуэтIысхьэрти, пшынэ Iэпэм еныкъуэкъурт. ИкIи зы илъэсым и кIуэцIкIэ къафэ гуэрхэр, макъамэ дахэхэр къыщыIу хъуащ Артур щыпсэу унэ лъапсэм, хадэ кIуэцIым. ТIэкIу-тIэкIуурэ, махуэшхуэхэм деж къуажэ клубым щызэхихыр, хьэгъуэлIыгъуэхэм къыщыIу макъамэхэр, радиом къит пшыналъэхэр игу ириубыдэурэ, и пшынэм къригъэкIыу щIедзэ. Езыри езэшыртэкъым - пшынэм елIалIэу, игъэбзэрабзэу куэдрэ бгъэдэст. 1978 гъэм еджапIэр къиухащ: а илъэсым щыщIэдзауэ щIалэм пшынэ еуэныр и гъащIэм хэпщIа мэхъу, псэухукIи иутIыпщакъым.

1982 гъэм Тубей Артур Тэрч дэт СПТУ №5-м щIотIысхьэ. Гъуазджэмкlэ абы щыIэ гупжьейм щIалэр фIэфIу хохьэ, щеджэхункIи хэтщ. Хуэдабзэу, а еджапIэм къыщызэрагъэпэща къэфакIуэ гупым пшынэ яхуоуэ, езыри СПТУ-м къыбгъэдэкIыу пшынэ зэпеуэхэм ягъакIуэ. Артур и япэ лъэбакъуэхэр хуэзыгъэдэхари и ехъулIэныгъэ нэсхэм щыщIадзари щеджа СПТУ-рщ.

ЩIалэ зэчиифIэм гулъытэ хуащI: езым и сабиигъуэр щекIуэкIа къуажэ клубым и ансамблым гъуазджэмкIэ и унафэщIу 1983 гъэм ар ягъэув. Абдеж къыщрегъажьэри, щIалэщIэр илъэситIкIэ Ботэщей клубым щолажьэр - къуажэ щIалэгъуалэр клубым кърешалIэр, уэрэдымрэ къафэмрэ дрегъэхьэх, зыдэлажьэ гупыр куейм щекIуэкI зэпеуэхэм щегъэлъагъуэ.

Тубейр, зыпэрыт IэнатIэм дэкIуэу, Тэрч щIыналъэм и «Терчанкэ» цIыхубэ ансамблым и пшынауэ етIуанэу мэув. Гупым я пшынауэ Iэзэ Хьэгуарэ Ксение щIалэм щIэгъэкъуэн лъэщ къыхуохъу: езым игъэзащIэ макъамэхэр Артур ирегъащIэ, и Iэзагъи хелъхьэ. Езы Артури и пшынэ еуэкIэм хегъахъуэ, гъэбзэрэбзэным хуэшэрыуэ мэхъу. А щIыкIэм тету Ксениерэ Артуррэ илъэс куэдкIэ зэдэлэжьащ, уеблэмэ Артур и япэ уэрэдхэу *«Терчанкэ», «Махуэшхуэ джэгу»* жыхуиIэхэр зыхуитхауэ щытар «Терчанкэ» гупырщ.

Апхуэдэу, къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ я гъусэу, Тубей Артур и уэрэдхэр 1983 гъэм ЩэнхабзэмкIэ уардэунэм и утыку япэу ирахьэ. КIэщIкIэ иужь иту дунейм къытохьэ ЩоджэнцIыкIу Нурий и псалъэхэр зыщIэт *«ЛъагъугъуафIэ»* уэрэдыщIэр. Iэгуауэ инкIэ цIыхубэм ар яIэт, Тубейм и гукъыдэжым хагъахъуэу.

1983 - 1985 гъэхэм Тэрч куейм «уэрэдусщ» яхужыпIэ хъуну тIу къыщыунэхуащ - ЗэрамыщIэ Заретэрэ Тубей Артуррэ. ТIури «Терчанкэ» гупым хэтт - Артур пшынауэт, Заретэ уэрэджыIакIуэт. ТIуми я уэрэдхэр цIыхубэм зэуэ я гум дыхьащ, дзапэ уэрэд хъуащ, икIи махуэшхуэхэм деж гуп зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэзащIэу щIадзэ.

НыбжьыщIитIми я цIэр къраIуэрейт, ауэ Заретэ и уэрэдхэм щыщ нэхъапэIуэкIэ радиом щатхати, къыкIэлъыкIуэ нэтыныр зытраухуар *«Уи мыгугъэ»* уэрэдымрэ *(пс. Къанкъул ФIыцIэ ейщ)* езы Тубейм итха *«Уэрэду къысхуэхьыж»* жыхуиIэмрэщ. Пшынэм еуэр Артурти, тIури зэгъусэу радиом ирагъэблэгъат.

Мыбдеж Къанкъул ФIыцIэрэ Артуррэ щызэрыцIыхури, зэгъусэу уэрэд куэд зэдатхащ, дунейми къытрагъэхьащ: *«Уи пщэдджыжь фIыуэ», «Джылахъстэней пщащэ», «Къызыбохыжыр сэлам», «Уэращ», «Заремэ», «Нэдахэ», «Уэ сыногуэкIуащ», «Сыпхуэныкъуэщ», «Сурэттех», «Джульеттэ», «СыIэмалыншэщ», «Си жэнэт бзу», «Къафэ джэгу», «Сыт есщIэнур си гум?»*, нэгъуэщIхэри.

Тубейм и псэм хэлъ макъамэм и гъащIэр игъэдахэми, езыр зэрылэжьэн IэщIагъэ къызэрыхихыным егупсысырти, курыт еджапIэм щыщIэсам нэхъ къехъулIэу, фIыуэ илъагъуу къыдекIуэкIа урысыбзэмрэ литературэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтын папщIэ, ар 1985 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIотIысхьэ.

Абы здыщIэсым (1986 - 1988 гъэхэм) Тубейр Совет армэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Абдежми Артур и «къэзан» пшынэ цIыкIур щигъэтIылъакъым - ар иIыгъыу, Тулэ къалэм щыIэ частым яшэ. ИкIи, зэман куэд дэмыкIыу, щIалэ зэчиифIэм а щIыпIэм уэрэджыIакIуэ гуп къыщызэрегъэпэщ, сэлэтхэм къахешри. Езы Артур ансамблым пшынэмкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуохъу икIи и унафэщIу ягъэув.

Гупым зэдагъэзащIэрт зауэ зэманым яусахэр, дзэм хэтхэр щызэдикIуkIкIэ жаIэхэр, урыс цIыхубэ уэрэдхэр. Хуэмурэ уэрэджыIакIуэ гупыр утыкуакIуэ мэхъу, ахэр хэмыту зы махуэшхуи а щIыпIэм щемыкIуэкIыу, зэпеуэхэм, фестивалхэм япэ увыпIэхэр сыт щыгъуи къыщахьу, ауэрэ «лауреат» цIэри къыщыфIащ. 1988 гъэм, къулыкъу щIэныр иухыу и унэм екIуэлIэжа нэужьи, частым къэна и ныбжьэгъухэм иджыри куэдрэ ягу къагъэкIыжырт Къэбэрдейм икIа щIалэ нэжэгужэ зэчиифIэр.

Дзэ къулыкъур зэриухыу, Тубейм и еджэным пещэж. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIотIысхьэжри, и лэжьыгъэр зэрыздихьым хуэдэу, 1992 гъэм ар къеух. Езыр зыщIэса Ботэщей езанэ курыт школым урысыбзэмрэ литературэмрэ, абы къыдэкIуэуи тхыдэр (бгъэдэлъ къэухьым и фIыщIэкIэ) щригъэджу щIедзэ.

Илъэсийкlэ (1992 - 2000 гъэхэм) мы школым щылэжьащ Тубейр. Нэхъ хьэлэмэтыжыр аращи (и гупсысэр абы хуокIуэри), Ботэщей къуажэм радио къыщызэIуех, махуэм зы сыхьэткIэ лажьэу: макъамэхэр кърагъауэу, жылэдэсхэм къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъуу, хъыбарыщIэхэр зэхуаIуатэу.

Ауэ дапхуэдэу сабийхэр фIыуэ илъагъуу щымытами, макъамэр, уэрэд тхыныр Артур и псэм хэлът, ар псоми текIуэрт. Тубейм и зэфIэкIым зеужь. И уэрэдхэр, жыIэгъуафIэт, цIыхухэм я гум дыхьэу, зыIэпишэу, я псэр игъэпIейтейуэ щытти, уэрэджыIакIуэ пажэхэм концертхэм щыжаIэу щIадзэ. Артур и уэрэдхэр яфIэфIу ягъэзащIэрт Нэхущ Чэрим, Даур Иринэ, ПащIэ Ленэ, Сокъур Ольгэ, Хьэгъэжей Iэсият, Хьэрэдурэ Динэ, Жырыгъу Тамарэ, ХьэтIыхъу Эдик сымэ, нэгъуэщIхэми.

Уэрэд дахэ куэд Тубейм къигъэщIащ, езым итхыжа псалъэхэри щIэту. Ахэр хуэгъэзат и гур зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм, фIыуэ илъагъу и Хэкум, и лъахэ дахэм, и псэм пищIу фIыуэ илъагъу и жылэм, Тэрч щIыналъэм, абы къыхэпщIыкIа-дэгъуэгурыкIуа цIыху цIэрыIуэхэм. Апхуэдэщ *«Терчанкэ», «Махуэшхуэ джэгу», «Уэрэду къысхуэхьыж», «Лъэужь», «Тхьэм иузэщI Астэмрей», «Жэнхъуэт хьэблэ», «Хэкум и хабзэ», «Лъагъуныгъэр уи гум къэгъэкIыж», «Майя», «Эльхотовский вальс»* жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Тубей Артур и зэфIэкIым дамэ къытригъэкIат Джылахъстэнейм и цIэр лъагэу езыгъэIэта, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Абы и усэхэм щыщ Тубейм и уэрэдхэм лъабжьэ яхуэхъури, цIыхубэм ипхъуэтащ икIи дзапэ уэрэд хъуащ. Псалъэм папщIэ, *«Ди къуажэ пщащэ», «СщIэркъым уэ ухэтми», «ЗикI укъемыплъэкI», «Вагъуэиж», «Уэ зым», «Уэ нэгъуэщI къэпшащ»* жыхуиIэхэр.

Артур нэхъри нэхъ цIэрыIуэ щыхъум, усакIуэ куэдым ядэлэжьэн щIедзэ, абыхэм я усэхэм макъамэ щIелъхьэ. Ахэр Вындыжь Марие, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Бейтыгъуэн Iэуес, Зэгъэщтокъуэ Людэ, Хьэжыкъарэ Алик сымэщ: *«Зэрыджэ, къызэджэ»* (пс. Дэбагъуэ М.), *«Дауэ ар сшэчын»* (пс. Вындыжь М.), *«Мамэ»* (пс. Вындыжь М.), *«АпхуэдизкIэ си гум укъэкIащи»* (Бейтыгъуэн I.), *«Уэсыр къос»* (Бейтыгъуэн I.), *«Си хэку»* (пс. Хьэжыкъарэ А.), *«Уи нэхэм сыкъагъэгугъэ»* (пс. Хьэжыкъарэ А.), *«Зыми схуемыгъэщхь»* (пс. Зэгъэщтокъуэ Л.), *«Псоми сэ къызжаIэ»* (пс. Зэгъэщтокъуэ Л.), нэгъуэщIхэри.

2000 гъэм, Ботэщей къуажэмрэ ар зыхыхьэ Тэрч щIыналъэмрэ я администрацэхэр зэщIыгъуу, уэрэдусым, илъэс 40 щрикъу махуэм ирихьэлIэу, пшыхь дахэ хузэхашат. Артур ягъэлъэпIэну абы къекIуэлIат и къуажэгъухэр, щIэныгъэлIхэр, уэрэджыIакIуэхэр. Пшыхьым и кIэм, Тэрч администрацэм къыбгъэдэкIыу, уэрэдус Iэзэм тыгъэ лъапIи хуащIат - зыщIэсын унэ иратат.

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м дунейм ехыжащ уэрэдус хьэлэмэтыр, гъащIэ мащIэ иIами, лъэужь дахэ къэзыгъэна Тубей Артур.

ЦIыхуфIу, цIыху щабэу, гуапэу, псэ хьэлэлу, зэчиифIэу дунейм тета Тубей Артур гъащIэ кIыхь имыIами, лъэужь дахэ ди лъэпкъ щэнхабзэм къыхинащ. Дзапэ уэрэд хъужауэ 70-м щIигъу къызэринэкIащ, и псалъэкIи макъамэкIи зэхуэкIуэу, щабэу, жыIэгъуэфIэу, цIыхубэм я гум нэсу. Ахэр гъэнщIащ цIыху лъагъуныгъэкIэ, и лъэпкъым, и хэкум хуищI пщIэмкIэ.

Артур и уэрэдхэр нобэми ди гъащIэм хэтщ, языныкъуэхэм зытхар ямыщIэу, ауэ дзапэ уэрэду кърахьэкIыу. УзыщыгуфIыкIынщи, Артур и уэрэд зыбжанэ КъБР-м радиом и фондым къыхэнауэ хэлъщ, нэтынхэм хагъэхьэу, махуэшхуэхэм къату. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Тубей Артуррэ Къанкъул ФIыцэрэ зэдатха *«Уи пщэдджыжь фIыуэ»* уэрэдыр.

Тубей Артур нотэхэр имыщIэ пэтми, и пшынэм кърагъэкIыурэ макъамэ куэд езырезыру итхащ. Ахэр мыкIуэдыжу дунейм къытенэн папщIэ, «Лъахэ уэрэдхэр» уэрэдылъэм идгъэуващ... **Абыхэм ящыщщ и лъабжьэкIэ къыщытхьри**.

## Уи пщэдджыжь фIыуэ

***(Пс. Къанкъул ФIыцIэ ейщ)***

Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь фIыуэ!
Си псэу адыгэ лъэпкъ!
Нэхъыжьи, нэхъыщIи, щауэщIи,
нысащIи!
Бэвыгъэу си адыгэщI!
Гъунэгъуи, ныбжьэгъуи, ей!
Уэгу дыгъи, къэкIыгъи, ей!
Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь,
Уи пщэдджыжь фIыуэ!
Си псэу адыгэ лъэпкъ!

Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь фIыуэ!
Зи бзэр сIурылъ си лъэпкъ!
Уэгу Iуащхьи, Iэщыхъуи, ди къуажи,
ди къали,
ХабзэкIи, нэмыскIи, ей!
Къуршыпси, псынэпси, ей!
Жьы къабзи, хъыджэбзи, ей!
Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь,
Уи пщэдджыжь фIыуэ!
Си псэу адыгэ лъэпкъ!

Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь фIыуэ!
Гъэгъауэ адыгэ лъэпкъ!
Усэпсу, дыщэпсу, вагъуэбэу лыдыжу,
Си щIылъэм щыпажэу, ей!
Дыгъэпсыр къытепсэу, ей!
Берычэтыр здытепсэу, ей!
Уи пщэдджыжь, уи пщэдджыжь,
Уи пщэдджыжь фIыуэ!
Си псэу адыгэ лъэпкъ!

***ЗэрамыщIэ Заретэ и тхыгъэр тедзэным хуэзыгъэхьэзырар* КЪАНКЪУЛ Зазийщ.**

**● Спорт хъыбархэр**

## Гуп зэпеуэм щытокIуэ

**Ставрополь крайм каратэ киокусинкаймкIэ и чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ Ставрополь къалэм щекIуэкIащ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы хэтащ Краснодар крайм, Волгоград областым, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ я спортсмену 300-м нэблагъэ.**

ГУАЩIЭУ екIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, наIуэ къэхъуащ гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр ди республикэм и щIалэхэм къызэрахьар. Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм дыщэ медалу 21-рэ, дыжьыну - 12, домбеякъыу - 6 щызыIэрагъэхьащ абыхэм.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Къармокъуэ Амурбэч, Мэршэнкъул Къантемыр, Будаев Казбек сымэ.

## Зы дыщэрэ дыжьынрэ

**Узбекистаным и Наманган къалэм универсальнэ зэзауэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ дунейпсо чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ япэ дыдэу щекIуэкIащ. Спортсменхэр утыкум къихьащ я Iэпкълъэпкъхэм фэбжь ямыгъуэтын щхьэкIэ удынхэм щызыхъумэ Iэмэпсымэхэр япщIэхэлъу.**

ЗЭIУЩIЭХЭМ хэтащ къэрал 25-м я зэуакIуэ 400-м нэблагъэ, абыхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ щIалиплI: Къуэныкъуей Чэрим, Мэлыхъуэ Алан, Хьэвэящхьэ Елдар, Хъалил Алан сымэ икIи хъарзынэ дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъхэм я деж Хъалил Алан дунейпсо чемпионатым и дыщэ медалыр къыщихьащ. Пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэпеуэхэм етIуанэ щыхъуащ Къуэныкъуей Чэрим. Ар зыхэтыр килограмм 55-рэ зи хьэлъагъхэрщ.

ЩIалэхэр зыгъасэр Бейтыгъуэн Руслан, Щомахуэ Казбек, ШэрыIужь Тимур сымэщ.

## ЩIалэ гуащIэхэр утыку къохьэ

**СССР-м боксымкIэ спортым и мастер Зокаев Артур и фэеплъ зэхьэзэхуэу ММА-мкIэ 3-нэ урысейпсо зэIущIэ Налшык къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 9-м я спортсмени 100-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 12 - 15-хэм щIимыгъуауэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэм я командэ къыхэхам гуп зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ. Ди щIалэхэм щхьэзакъуэ зэIущIэхэм дыщэ медалу 6, дыжьыну 4, домбеякъыу 5 къыщахьащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Мэкъуауэ Елдар (кг 36-рэ), Гелоев Эмирхъан (кг 40), Дзагуэ Ислъам (кг 48-рэ), Терешев Идар (кг 52-рэ), Уэтэр Алихъан (кг 57-рэ), Каибов Даниель (кг 73-рэ) сымэ.

**ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.**




● ЖыIэгъуэхэр

## Хэкужь щIымахуэ

- ФIы хыумылъагъуэмэ, гъащIэр хэплъэгъуэщ.
- ФIыгъуэр щыкуэдым фыгъуэри щынэхъыбэжщ.
- Хабзэжь хэкужь ущигъэгъуащэркъым.
- Хабзэм уемызэгъмэ, бий укъещI.
- Хабзэм уемызэгъмэ, хабзэншагъэм ухээгъащ.
- ХабзэщIэ къэмыхъуу хабзэжь кIуэдыжыркъым.
- Хамэ хэку щытхъэ и хэку щылIэжыркъым.
- Хамэхьэ гъэбани, унэхьэ гъэплъыр.
- ХамэщI гъэмахуэ нэхърэ – хэкужь щIымахуэ.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● ГущIагъщIэлъхэр

## Дакъикъэ, илъэс псо и уасэу

Гу къуэпсым пыкIэзызыхь пшыналъэ дахащэм содаIуэ. СедаIуэурэ, согупсыс: сыту дытхьэмыщкIэ дэ, цIыхухэр. А пшыналъэм иджыпсту си нэгу къыщIигъэува дунейм сэ зэи, зэи, зэи сытехьэфынукъым... ГъащIэр нэр игъэлажьэу фагъуэщ. Псэр ибэмпIыхьу къызэрыгуэкIщ. Гур къритхъунщIыкIыу пхъашэщ. ТхьэкIумэр икудэу хущхьэ макъ зэфэзэщщ. ГъащIэр – илъэс мин бжыгъэкIэрэ зэхалъхьа курыбэщ. Зэхэзылъхьари щIызэхалъхьари къахуэмыщIэж курыбэ зэкIуэкIащ. Абы дэ ди псори, псори хофыхь... ди хъуэпсапIэхэм къищынэмыщIа... ХъуэпсапIэхэр тхъурымбэ напIэурэ уафэм докIуейэ. ДокIуейри, а дэ зызыхуэтшийуэ зэи дызылъэмыIэс дунейм зыхаунащIэ.

* * *

Щыгъщ дакъикъэ, илъэс псо и уасэу. ГуфIэгъуэрэ щIалэгъуэкIэ гъэнщIауэ. Дыгъэпсрэ насыпкIэ кудауэ... апхуэдэ дакъикъэ зыбжанэщ езыр мы гъащIэр зэрыхъур. Адрейр - куэнсапIэщ. Налкъут хьэдзэ цIыкIухэр щIэзыхьума куэнсапIэ самэшхуэщ.

* * *

ЦIыхур цIыху зэрыхъу лъандэрэ Iэщым нэхъри зыкъыщхьэщигъэкIыным хущIэкъу зэпытурэ къокIуэкI. Ауэ гъащIэм къыдиIыгъкъым ар цIыхум. ГъащIэм дежкIэ зи бзэ мыпсалъэр нэхъ фейдэуэ къыщIэкIынущ. А гупсысэурэ псалъэм нэхърэ. И щIагъуэхэр хуигъэщIагъуэ къудей мыхъуу, и дагъуэхэри гъащIэм езыгъэлъагъужыфым нэхърэ... гъащIэм щытепщэхэм насып яIэщи, зи бзэ мыпсалъэхэм ещхь цIыхухэр мащIэкъым. Нэхъ пэжыр жыпIэнумэ, - куэдыкIейщ.

IУТIЫЖ Борис.

● Гъуэгуанэ тхыгъэ

## Теплъэм укъыщигъапцIэм деж

ГупсынщIэм дыкъитIысхьэжауэ дыщытт. Япэ дыдэм деж бостей кIыхь щыгъыу, и щхьэцыр Iэдийм хуэдэу ухуэнарэ едзыхауэ, набдзэ къуращэу, нэ пIащэрэ Iупэплъу хъыджэбз дахэ дыдэ щыст. МыдэкIэ, и кIэри кIэщI дыдэу, и щхьэцри бапхъэу, и нэри фыуэ ларэ, и Iэбжьанэри кIыхь дыдэу хъыджэбз гъур гъуабжэ цIыкIу щетIысэхащ.

Зы нанэ хъуржынышхуэ иIыгъыу ерагъкIэ къитIысхьащ.

- Хъуржыныр мыбдеж згъэувынт, сыщикIыжкIэ модэ нэс къыдэзмыхыжу, къыIэ, моуэ сыгъэтIыс! - зыхуигъэзащ хъыджэбз дахэ дыдэм.

- Укъызэмылъэлу, мыбдежым тынш дыдэу сыщысщ, мес, тIысыпIэ хуит иIэхэщ, дыхьи тIыс, - къыжриIащ гуфIэжу.

Нанэр абы гъэщIэгъуэну еплъри, адэкIэ дыхьэну ежьат, ауэ мыдэкIэ щыс хъыджэбз гъуабжэ цIыкIур дэIэпыкъуащ.

Нанэр къызэплъэкIри:

- Уэ цIыкIур насыпыфIэ ухъу,

- жриIащ дэIэпыкъуам. Хъыджэбз дахэмкIэ зыкъигъазэри:

- Уэри Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI, нэкIум пIастэ ирагъэпщIкъым жыхуаIэр уи деж щынэрылъагъущ...

Сигу къеуащ слъэгъуар. Теплъэм укъызэригъапцIэри хьэкъ сщыхъуащ. Щхьэц кIыхьыр фIыуэ слъагъурти, сыхуеижтэкъым а махуэм.

БАГЪ Марьям.

● Хабзэ

### Нэчыхь ахъшэ

Нысашэм ехьэлIа хабзэщ. ЦIыхубзыр лIы щыдэкIуэкIэ, абы щIатыну хуагъэува уасэм и ныкъуэр зышэм и унагъуэм кърананэу зэгурыIуэхэрт. ЛIыр лIэмэ е абы и зэранкIэ фызыр ирагъэкIыжу щытмэ, а Iыхьэри иратыжын хуейт. ЦIыхубзым и арэзыныгъэ хэмылъу а ахъшэр илIми и бынхэми къагъэсэбэпыну хуиттэкъым – ар фызым и мылъкут. А уасэ Iыхьэм «нэчыхь ахъшэкIэ» еджэрт, хабзэр щыIащ ди щIыпIэм совет властыр щагъэувыху.

### Нэчыхьхуэгъэгъу

И лIыр лIауэ фызыр икIыжын хуей хъумэ, уасэм щыщу нэчыхь ахъшэу хуагъэувар унагъуэ зэрысам къаIимыхыжу къащIыхуигъанэм «нэчыхьхуэгъэгъукIэ» йоджэ. Апхуэдэу къыщыхъур лIам и унагъуэр хуэкъулейсызмэ, «нэчыхь ахъшэр» къызыхэкIын имыIэмэт. Унагъуэм нэчыхь ахъшэр зэрыхуигъэгъумкIэ фызым щыхьэтитI иIэн хуейт.

● ГушыIэ

## Хъуэжэ щхьэгъусэ къишэну зегъэхьэзыр

Хъуэжэ зы пщэдджыжь гуэрым жьыуэ къэтэджауэ унэлъащIэр псори зэригъэдзэкIырт. Блыным фIэлъ алэрыбгъур зэригъэдзэкIри фидзэжащ, гъуэлъыпIэри, Iэнэри, шэнтхэри я лъакъуэр дэгъэзеяуэ игъэуващ. Ар щилъагъум и анэм къэуIэбжьауэ жеIэ:

- Анна, Хъуэжэ, сыт пщIэр, делэ ухъуа?

- Хьэуэ, си анэ, делэ сыхъуауэ аракъым, ныщхьэбэ нысэ къыпхуэсшэнущи, абы зыхузогъэхьэзыр.

- Анна, нысэ къысхуэпшэнумэ, хьэпшыпхэр зэгъэдзэкIауэ, дэгъэзеяуэ, къегъэзыхауэ гъэувын хуей-тIэ! – кIиящ и анэр.

- А къасшэм псори къызэригъэдзэкIынущи, абы щыгъуэ тэмэму псори я пIэм ивэжынщ, - жиIэри Хъуэжэ щIэкIащ.

● Шхыныгъуэ



## Къэб гъэва зыхэлъ лэкъум

Градус 30-40 зи хуабагъ псым е шэм фошыгъу, шыгъу, пщагъэ, къэб гъэва пIастэ халъхьэ, псори зэIащIэ, къэбыр хапIытIыхь, язырыи сэхуран дагъэ хакIэ. ИтIанэ гуэдз хьэжыгъэр тепщэчым ираухуанщIэри, и кур кърахтхъу, къэбыпс хьэзырыр абы иракIэ, тыкъыр къыхэмынэжыху тхьэвыр япщри, и щхьэр тепIауэ хуабапIэм щагъэув, тэджын щхьэкIэ. А зэманым тхьэвыр зэ щIапщэ. Ягъажьэ мыдрей лэкъумхэри зэрагъажьэм хуэдэу. Хуабэу яшх, шэ, шатэ, шху, фо докIу.

*ХалъхьэхэР:* гуэдз хьэжыгъэу - г 1000, фошыгъуу - г 100, пщагъэу - г 40, къэб гъэва пIытIауэ - г 400, шэуэ - г 500, сэхуран дагъэу - г 50, лэкъумыр зэрагъэжьэну дагъэу е тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* 1. Уеплъу ущыс нэхърэ - уисми ... 3. Нэм ипэ псэр ... 9. Гъатхэ уафэр ... 10. Жьы зэрымысым ... илъкъым, щIэ зэрымысым насып илъкъым. 11. Мэз пхъэншэ ...? 12. Фыз ... тхьэмахуэ фызщи, фызыфI ныбжьырей фызщ. 14. МафIэм ... ещIри, дзэм шхахуэ ищIыркъым. 16. Уи тепIэн ..., уи лъэ укъуэдий. 19. Махуэ ... щыблэ уэркъым. 22. Гур кIуэдмэ, ... щIэкIыркъым. 24. ... лэгъупэжь хъуркъым. 25. ЩIопщыкъуэр пэт жьы еубыд. 26. Бжьыхьэпэ уафIрэ ... IупэфIэгъурэ. 27. ... джэлам ущIэмынакIэ.

*Къехыу:* 2. НэфIэгуфIэ и нэ дыщэ ... щIэлъщ. 4. ... и Iуэху блэкIыркъым. 5. ... егъапщи, зэ пыупщI. 6. Зым и ... зым и щхъухьщ. 7. ... ямыщI саугъэт умыщI. 8. Мыщафэ Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ, ... мыхъунум ущыгугъыу мыщэм уемыбэн. 13. Псым ... пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбампIэ. 15. ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. 17. Джэд щыкъун и .... 18. Нэ ... нэ ещIэж. 19. Нэм щIэлъыр Iугъуэм къыщIеху, гум илъыр фадэм ... . 20. Ахъмэт и фо изщ, улъэмыIэсмэ, сыт и ... . 21. Фо нэхърэ ... нэхъ IэфIщ. 23. КъуэфIыми къуэ бзаджэми ... щIэин ухуэмылъыхъуэ.

*Зэхэзылъхьар*
БИЦУ Жаннэщ.

**ЩэкIуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* 6. Налъэ. 7. Хьэрш. 8. Жьей. 9. Жумэ. 11. Ахын. 14. Псынэдахэ. 17. Хьэрэ. 18. Псыжь. 19. Ежьу. 21. Заул. 23. Къудан.

*Къехыу:* 1. Унажэ. 2. Гулъ. 3. Уае. 4. Хьэ. 5. Пшынэ. 10. Мысыр. 12. Хэхэс. 13. Гъуэз. 15. Щхьэзэ. 16. Бжьынэ. 20. Жьым. 22. Удж. 24. Дэ.





# Уей, уей, «Шэрдан»!

***Шэджэм щIыналъэм щыIэ макъамэ школым хэту лажьэ «Шэрдан» къэфакIуэ ансамблыр республикэм къыщыунэхуащ 2020 гъэм. Ар цIыхубэм я гум дыхьэну, и цIэр игъэIуну, и закъуэу концерт итыну, «образцовэ» цIэр къыфIащыну, зэпеуэ куэдым хэтыну, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэну хунэсащ. «Шэрданым» щхьэх ищIакъым а пщIэр къилэжьын папщIэ. Гупым езым и дамыгъи (логотип) иIэжщ. «Шэрданым» и утыку итыкIэм, дэплъагъу щэнхабзэм удехьэх. Абы къыщыфэ пщащэ цIыкIухэр щIыкIафIэщ, щIалэхэри гушхуащ. Ар и фIыщIэщ зи Iэщlагъэм хуэпэж, лэжьыгъэм псэ хэзылъхьэ, гупым ехъулIэныгъэхэр иIэным зи гур ета художественнэ унафэщIым. «Шэрданым» и япэ лъэбакъуэхэм, къэфакIуэ гупыр зытет хабзэхэм, къайхъулIахэмрэ я мурадхэмрэ теухуауэ Гугъуэтыж Аскер депсэлъащи, унафэщIым къыджиIам ди гуапэху фыщыдогъэгъуазэ.***

- «**Шэрдан**». **Дэнэ а фIэщыгъэр къыздикIар?**

- Щхьэлыкъуэ къуажэм и пасэрей фIэщыгъэу щытащ Шэрданхьэблэ. Дэ адыгэ щэнхабзэ щыдгъэлъагъуэкIэ, тхыдэм дыщыхуеплъэкIыжкIэ, лъэпкъ гупсысэ щыдгъэкIуатэкIэ, «Шэрдан» гупым фIэщыныр къезгъэкIуащ, мыхьэнэкIэ а фIэщыгъэр зэрыхуэкIуэм нэмыщI, IукIэ дахи иIэщи.

- **Гупым и къежьапIэм, иджыпсту ар зэрызэхэтым и гугъу уэзгъэщIынут**.

- Шэджэм щIыналъэм и макъамэ школым дегъэщIылIащ, ди хэщIапIэ-зыгъэсапIэр Щхьэлыкъуэ Щэнхабзэмкlэ и унэрщ. Япэу 2018 гъэм сыкъэкIуат макъамэ школым къафэмкIэ и гъэсакIуэу. Абы щыгъуэ къэфакIуэ гуп зэуIу диIэтэкъым, атIэ гупжьей хуэдэу щыIэт, къэфэну хуей сабийхэм дащыдэлажьэу. СыIукIыжри, илъэситI дэкIауэ аргуэру къэзгъэзэжащ икIи къэфакIуэ гуп зэхэсшащ. ЦIыхуитху хъууэ арат си гупыр абы щыгъуэ. Мис а щIэдзапIэм хэта хъыджэбзитхур гупым псэкIэ етауэ, къэфэныр я гъащIэм щыщ хъуауэ къыздэгъуэгурыкIуащ. Иджыпстуи къокIуэхэр, уеблэмэ дэIэпыкъуэгъу къысхуохъу.

ЗанщIэу псори къыдэхъулIакъым. ЦIыхуитху нэхъыбэ си гупыр щымыхъуми, гупышхуэр зыхуэныкъуэн хуэдиз гулъытэ лъызгъэсащ. Япэу къафитху яхуэзгъэуват абыхэм.

Мы гъэм къафэм къэсщтащ гъэсэн гуп. Абыхэм щхьэхуэу садэлэжьэнущ, Си гугъэщ, екIуу згъасэу, ахэри утыкум изгъэхьэну. КъакIуэу хъуар къэтщтэнуи диIэкъым Iэмал, пэжым ухуеймэ. Куэдым гупыж ящIми, дэ ахэр догъэунэху, дахоплъэри, къахыдох. ЦIыхуищэм нэс къэкIуат, къафэм хуэзгъэсэн гуп зэрызэхуэсшэсым и хъыбар зэхахри. 60 хуэдиз къахэтшащ.

«Шэрданым» и зэфIэкIхэр хуэмыгъэлъэгъуэнкIэ хъунт ди Iуэхур Шэджэм щIыналъэ администрацэм, Макъамэ школым къыддамыIыгъамэ. Шэджэм район администрацэм и унафэщI Борсэ Юрэ, районым щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Къэбжьыхь Эммэ, макъамэ школым и унафэщI Шэрджэс Еленэ сымэ я цIэр къисIуэну си гуапэщ.

- **Аскер, уэ езыр дауэ удихьэхат къафэм?**

- Ди анэм адыгэ къафэр фIэфIт, схуехъуапсэрти, «Кавказ пшэплъхэр» («Зори Кавказа») къэфакIуэ гупым сахишауэ щытащ сыцIыкIуу. Абдежым сыщыдихьэхащ къэфэным. 1999 гъэм щыщIэдзауэ 2009 пщIондэ сыхэтащ а гупым. Куэдым сыщыхуагъэсащ, гуапэу си гум къэзгъэкIыж зэману хэтщ ар си гъащIэм. Курыт еджапIэ нэужьым, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым сыщIэтIысхьэри, илъэситхукIэ абы сыщеджащ. Иджыри ещанэ курсым сыщIэсу, «Кабардинка» ансамблым сыхыхьауэ щытащ икIи 2016 гъэ пщIондэ сыкъыщыфащ. Институтыр къэзухщ, абы сыувыжри, илъэс зыбжанэкIэ сыщылэжьащ. ИужькIэ, лэжьапIи ансамбли къэзгъанэри, Москва сыкIуащ си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну - ЩэнхабзэмкIэ институтым сыщIэтIысхьащ. ЕджапIэр къэзухри, къэзгъэзэжащ.

- «**Адыгэ псалъэ**», «**Зэман**», «**Кабардино-Балкарская правда**» **газетхэм я илъэси 100-р щагъэлъапIэм**, «**Шэрданыр**» **пшыхьым зэрыхэтар псоми гукъинэж ящыхъуащ**. **Ансамблыр утыку цIыкIум екIуу щызэблэкIыфат**...

- Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм къыщыфащ ансамблым щыщу цIыху 50. ЩэнхабзэмкIэ министерствэм пшыхьым дыщригъэблагъэм, убых къафэмкIэ «Шэрданым» пшыхьыр игъэдахэмэ зэрагуапэр къыхагъэщати, дэри абы деувэлIащ. Пэжщ, гупыр куэд щыхъум деж утыкум екIуу щызэблэкIыным хэхауэ Iэзагъэ хуейщ. Си гъэсэнхэр пэлъэщащ абы, арэзы сыкъащIащ.

- **Республикэм щыпсэухэр гуфIэу кIэлъыплъащ иджыблагъэ** «**Шэрданыр**» **Москва**, **Кремлым, къызэрыщыфам**...

- Иужьу дыщыIащ Москва и Ут Плъыжьым. «Имена России» урысейпсо зэпеуэм и IыхьитIым дыпхыкIати, Кремлым зыкъыщыдгъэлъэгъуэну къытхуагъэфэщащ. Ансамблым щыщу цIыхуипщI сшащ абы. Дауи, абы папщIэ къафэ хэха дгъэхьэзыращ. Утыкушхуэм уардэу зэритам си гъэсэнхэр игъэгушхуауэ къызэрыдгъэзэжам пцIы хэлъкъым.

- **Ансамблым и къафэхэм я гугъу къытхуэщI**. **Сыт хуэдэ ахэр**, **дауэ зэхэбгъэувэрэ?**

- Псоми яцIыху къафэ лIэужьыгъуэхэр диIэщ. Къафэхэр сэ зэхызогъэувэ, къыщезэгъым си гупсысэ, образ гуэрхэр, сюжет хэслъхьэурэ. Къафэр бгъэщIэращIэ мэхъу, ар зылъагъум игу дыхьэн икIи етIуанэу еплъыну ехъуэпсэн хуэдэу. ГъэсакIуэм и еплъыкIэ, и зыхэщIэкIэ хэлъын хуейщ къафэм.

Уэркъ, убых, лъапэрисэ джэгу къафэхэр диIэщ. Куэдым гурыхь ящыхъуахэм ящыщщ «Пщы гуащэр», «Хэкужь къафэр», «Къафэ кIыхьыр». Абы нэмыщI, къамэ зыхригъатIэурэ къафэ диIэщ. «Хэкужь» къафэр» Iыхьэ зыбжанэу зэхэтщ, псалъэм папщIэ, «театрализованэ» жыхуаIэ мардэм тетщ.

- **Гупым яхэтщ бэрэбэнауэхэр**. **Абыи уэ хуэбгъасэрэ?**

- Бэрэбанми хузогъасэ. Си бэрэбэнауэхэр хунэсащ я зэфIэкI къагъэлъэгъуэну. Мызэ-мытIэу утыку ихьащ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ.

- **Уи гъэсэнхэм жаIэ**: «**Ди художественнэ унафэщIым къафэм нэмыщI**, **хабзэ-нэмысым**, **щэнхабзэм дыхуегъасэ**» ...

- Адыгэ хабзэмрэ адыгэ къафэмрэ зэкIэрыпчынкIэ Iэмал иIэкъым. Хабзэм тету гъэпсащ езы къафэр. ИкIи абы и мардэщ гъэсэныгъэр, укIытэр, Iэдэбагъыр. Адыгэ къафэр лъэпкъым ей ящI а пкъыгъуэхэм. Сэ сыхуейкъым си гъэсэнхэм адыгэ теплъэр яIэу утыкум зыкъыщагъэлъагъуэу, къэфакIуэ фащэр зыщахыжа нэужь, абы епха хабзэри зыщагъэгъупщэну. Утыкум узэритымрэ узэрыпсэумрэ зэтехуэн хуейщ. Хабзэ, нэмыс пхэлъмэ, ар Iэмал имыIэу утыкуми щыболъагъу. СфIэфIкъым фэрыщIагъэр. Утыкум зигурэ зи псэрэ щызэIухамрэ ауэ зигъэлъагъуэу къикIыжын къудей щхьэкIэ ихьамрэ зэхэбгъэкIыну гугъукъым. Аращи, утыкур хабзэ гъэлъэгъуапIэщ. ПIалъэ гуэр хъуауэ дыщызэдэлажьэкIэ, махуэ къэс къытезгъазэурэ жызмыIэми, си гупым хэтхэм зыхащIэ гъэсэныгъэмрэ хабзэмрэ теухуауэ сэ яхуэзгъэдэхэнури сигу иримыхьынкIэ хъунури. КъагуроIуэ къафэм пкъы зэрыщIэтри, гупсысэ зэрыхэлъри.

- **Къафэм сыт хуэдэ гурыщIэ къуитын хуейр?**

- Макъамэр зэрызэхэпхыу, укъэфэну укъызэрытехьэу къару гуэр зыхэпщIэн хуейщ, псэщIэ къыпхыхьам хуэдэу. Къалэн гуэр къыпщещI къафэм, уи псэм фIэфIу бгъэзащIэу.

- **Iуэхугъуэ, зэпеуэ куэдым хэтщ** «**Шэрданыр**», **щIыпIэ куэди къызэхекIухь**. **КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм нэхъ гукъинэж ящыхъуахэм я гугъу къытхуэпщIын?**

- «Имена России» урысейпсо зэпеуэм дыхэту Дон Iус Ростов, Мэхъэчкъалэ, Йошкар-Ола дыщыIащ. «Поколение талантов» жыхуиIэ зэпеуэм Новороссийск дыщыхэтащ. Ахэр егъэлеяуэ гукъинэж ящыхъуащ къэфакIуэхэм. Зэпеуэхэр къапщытащ урысей академикхэм, профессорхэм, гъуазджэм зи цIэр щыIуахэм. Сабийхэм зыкъагъэлъэгъуэну, утыку ихьэну, я зэфIэкI ягъэунэхужыну Iэмал етын хуейуэ къызолъытэ. Абыхэм зэпымыууэ зыгуэр къеплъын, я утыку итыкIэр ягъэщIэгъуэн е къехъуэпсэнIа хуейщ. АпщIондэхункIэ мэгушхуэ, заужь. КъэфакIуэхэм Iэгуауэр ину щыхуаIэткIэ, я къэфэкIэр зигу дыхьахэм псалъэ гуапэ къыщыхужаIэкIэ, я гур хохъуэ.

- **Мы зэманым зызыхуэвгъэхьэзырIарэ?**

- Тэрч къалэм «Грация» жери гимнастикэм щыхуагъасэ гуп щыIэщ. Абы зыкъытхуигъэзащ дызэщIыгъуу Адлер дыкIуэну. Абы зы Iуэхугъуэшхуэ щекIуэкIынущ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ. Кавказым теухуа IыхьэмкIэ Iуэхум дыхэувэнущ.

- **Тхьэм фи мурадхэр къывигъэхъулIэ!**

- Упсэу!

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

# Къумыкъу Астемыр инструктор нэхъыфIщ



**«2024 гъэм мафIэсым пэщIэтыным хуэгъэза профилактикэ IуэхумкIэ инструктор нэхъыфI» цIэм щыщIэбэна еплъыныгъэ-зэпеуэ екIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ IуэхущIапIэм и ПСЧ-хэм ящыщхэр**.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ IэнатIэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Сэбан Арсен зэрыжиIащи, зэпеуэр Iыхьиплlу гуэшат. Къалъытащ IуэхущIапIэм и инструктор гупым я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм кърикIуахэр, я къулыкъум теориекIэ зэрыхуэхьэзырымкIэ зачётхэр ятащ, республикэм и къуажэхэм профилактикэ Iуэхухэр зэрыщрагъэкIуэкIам и фIагъыр, апхуэдэуи мафIэсым пэщIэтыным теухуа псалъэмакъ щхьэпэхэр еджапIэхэм щегъэкIуэкIынымкIэ я зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуащ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм бжыпэр щиубыдащ Къумыкъу Астемыр (ПСЧ-20, Къубэ-Тэбэ къуажэ). ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ нэгъабэрей зэпеуэм щытекIуа, ПСЧ-21-м и инструктор Шэмызокъуэ Заур (Старэ Шэрэдж къуажэ). Ещанэ хъуащ МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ часть №14-м и инструктор (Анзорей къуажэ) Мер Камиллэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ**.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.487
Заказыр №2578

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А